**WO’ZBEKSTAN RESPUBLİKASI JOQARI’ HA’M WORTA ARNAWLI’ BİLİMLENDİRİW MİNİSTRLİGİ**

**BERDAQ ATI’NDAG’I’ QARAQALPAQ MA’MLEKETLİK UNİVERSİTETİ**

**QARAQALPAQ FİLOLOGİYASI’ FAKULTETİ JURNALİSTİKA KAFEDRASI’**

**YELMANOV NURLI’BEKTİN’**

**BASPASO’ZDE İNTERNET MATERİALLARI’NI’N’ TEMATİKASI’**

(Wo’zbekstan h’a’m Qaraqalpaqstan baspaso’zi materiallar? m?sal?nda)

**temas?ndag’?**

# PİTKERİW QA’NİGELİK JUMI’SI’

**İlimiy bassh?: Woraz?mbetova Z.Q.**

filologiya ilimlerinin’ kandidat?,
jurnalistika kafedras?n?n’ dotsenti

**NO’KİS – 2013**

# JAQLAWG’A RUXSAT YETİLDİ:

Fakultet dekan?: f.i.k.Turd?baev Q.

Jurnalistika kafedras? basl?g’?: t.i.k. Bekbauliev D.

İlimiy bassh?: f.i.k.Woraz?mbetova Z.

# Ma’mleketlik attestatsiya komissiyas?n?n’ qarar?:

**Jurnalistika qa’nigeliginin’ pitkeriwshisi**

**YELMANOV NURLI’BEKTİN’**

**BASPASO’ZDE İNTERNET MATERİALLARI’NI’N’ TEMATİKASI’**

(Wo’zbekstan h’a’m Qaraqalpaqstan baspaso’zi materiallar? m?sal?nda)

temas?ndag’? pitkeriw qa’nigelik jum?s?na «___» bah’as? qoy?ls?n

MAK basl?g’?: __________

MAK ag’zalar?: __________

__________

__________

__________

# JOBASI’:

**KİRİSİW**

**I BAP JURNALİSTİKADA İNTERNETTİN’ TUTQAN WORNI’ HA’M A’HMİYETİ**

**II BAP BASPASO’ZDEGİ İNTERNET MATERİALLARI’NIN’ TEMATİKALI’Q WO’ZGEShELİKLERİ**

**III BAP BASPASO’ZDEGİ İNTERNET MATERİALLARI’NI’N’ JANRLI’Q WO’ZGEShELİKLERİ**

**JUWMAQLAW**

**PAYDALANI’LG’AN A’DEBİYATLAR DİZİMİ**

# KİRİSİW

İnformatsiya qu’diretli ku’sh bol?p, wol arqal? xal?qt?n’ woy?, ma’deniyat?, mentaliteti h’u’kimettin’ informatsiyal?q siyasiy-sotsiall?q sistemas?na unaml? yaki unams?z ta’sir yetiliwi mu’mkin. Ma’mleketlik h’a’m siyasiy informatsiya tu’rleri h’a’m informatsiya qa’wipsizligi mashqalas? bur?nnan bar. Kibernetika h’a’m informatika rawajlan?w? menen İnternet sistemas?n?n’ payda bol?w? informatsiya gu’resin jan’a basq?shqa ko’terdi. Bu’gingi ku’nde global kompyuterler tarmag’?-internet ja’h’a’nnin’ barl?q ma’mleketlerine kirip barmaqta. Yag’n?y internet ja’h’a’nnin’ 150 den aslam ma’mleketinde yen jayd?. İnternet tarmag’? jalg’ang’an h’a’r bir kompyuter da’stu’ri *server* yaki *vebserver* dep atalad?. İnternet a’leminde 300 millionnan art?q vebserver bar. Wonnan paydalani’wshi’lar sani’ 600 millionnan arti’q[1].

İnternet arqali’ ju’da’ ko’p wazi’ypalardi’ atqarsa boladi’. Du’nyani’n’ qa’legen mu’yeshindegi ma’mleketlerge elektron pochta jiberiw, mi’n’lap kilometr uzaqta jaylasqan kompyuterdi menshik kompyuter si’yaqli’ isletiw, zat sati’w yaki sati’p ali’w, kerekli mag’li’wmatlardi’ ali’w elektron baspalardi’ woqi’w, tu’rli atamadag’i’ ushi’ri’si’wlarg’a qatnasi’w, h’u’jjetlerdin’ nusqalari’n h’a’m vidioko’rinislerdi shi’g’ari’p ali’w mu’mkin. Bunda sayaxatlar ja’mi WWW arqali’ a’melge asi’ri’ladi’. Sonli’qtan da İnternetti *planeta entseklopediyasi’* dep ataw mu’mkin. Bu’gingi ku’nde informatsiyani’ internetsiz ko’z aldi’mi’zg’a keltiriwimiz qi’yi’n. Bunday sistemani’n’ baslang’i’sh tochkasi’ h’uqi’qi’y normalar boli’p tabi’ladi’. Ha’r qanday h’uqi’qti’n’ a’melge asi’ri’li’wi’ wog’an qi’li’ng’an qarsi’li’qlardan qorg’ali’wi’na baylani’sli’. İnformatsiya qa’wipsizligine qarsi’li’qti’n’ aldi’n ali’w h’a’m saplasti’ri’wda da’stu’riy texnikali’q h’a’m statistikali’q, ekonomikali’q usi’llar qollani’ladi’[2]. İnformatsiya qozg’ali’si’ tek bir ma’mlekettin’ mashqalasi’ yemes, bug’an dunya ju’zi gu’resiwi lazi’m. BMSh ti’n’ Bas Assambeleyasi’ ta’repinen 1998-ji’ldan baslap h’a’r ji’li’ xali’q-arali’q qa’wipsizlik tarawi’nda informatsiyalasi’w h’a’m

---

[1] Jumamuratova M., Woraz?mbetova Z.Q. Ash?q xabar sistemalar?nda informatsiyal?q-psixologiya qa’wipsizligi. T., 2009. 14 B.
[2] Bakulev G. Budushee internet televidenie. Moskva, 2003. 34 B.

telekomunnikatsiya do'gereginde yerisilgen na'tiyjeler ma'seleleri boyi'nsha rezolyutsiya qabi'l yetildi. Wonda informatsiya texnologiyalari' ma'mleketler qa'wipsizligine qa'wip tuwdi'ri'p, BMSh g'a ag'za bolg'an ma'mleketler usi' tarawdag'i' ma'selelerdi ko'rip shi'g'i'wg'a h'a'm woni'n' qa'wipli h'a'reketlerin kemeytiwge shaqi'radi'.

Tiykari'nan da'slepki basqi'shta İnternetti AQSh tag'i' 4 universitet payda yetti. Bul universitetler kompyuterlerdi bir dizimge birlestirip wo'z-ara kitapxanalari'nan paydalana basladi'. Pentagonda bolsa woni'n' imaniyatlari' u'yrenilip, wonnan a'skeriy bazalardi' sho'lkemlestiriw maqsetinde ali'mlardi' tarti'p, wolarg'a barli'q sharayatlardi' jarati'p, Arpanetti (internettin' birinshi ati') wo'z maqsetlerine qaratti'. Uzaqqa barmay wonnan jurnalistlerde paydalana basladi'. Na'tiyjede İnternet jurnalistikasi' payda boldi'. İnternet jurnalistikasi' – u'lken h'a'm a'h'miyetli tema. Yen' da'slep internettin' qolayli'qlari' h'aqqi'nda ayti'p wo'tetug'i'n bolsaq: arzan, operativ, texnikali'q jaqtan materiallardi' jaylasti'ri'w qi'yi'n yemes, mag'li'wmatlardi' u'lken ko'lemde de wornati'w mu'mkin. Wolardi' tu'rli tillerge awdari'w an'sat, informatsiya shegara h'a'm uzaqli'qti' bilmeydi h'a'm t.b. Keri ta'sirleri: qa'legen Adam qa'legen informatsiya menen virtual maydang'a tosi'qsi'z kirip keliwi, terroristik h'a'm pornografik mag'li'wmatlardi'n' ju'da' ko'pligi, kosiopolitik ideyalar h'a'mde «massali'q ma'deniyat»ti'n' ken' tarqali'wi', ma'mleket rolini'n' pa'seyiwi, tarmaq ja'rdeminde demokratik fundamentalizmnin' rawajlani'wi' h'a'm t.b[1].

İnternettin' payda boli'wi'na professor Monald Kleynroakti'n' doktorli'q dissertatsiyasi' (1962-j) tiykar bolg'anli'g'i'[2], yen' da'slep Los-Anjelesdegi Kaliforniya universiteti menen Kaliforniyadag'i' Stanford izertlew instituti'na wornati'lg'an kompyuterler bir-birine jalg'ang'anli'g'i' ba'rshen'izge ma'lim. İnternettin' yen' da'slepki payda boli'wi'ndag'i' tiykarg'i' maqset informatsiyalardi' ali'w h'a'm jetkizip beriw bolg'an bolsa, h'a'zirgi ku'nge kelip woni'n' maqset h'a'm wazi'ypalari' bir qansha ken'eyip barmaqta. İnternettin'

[1] Jumamuratova M., Woraz?mbetova Z.Q. Ash?q xabar sistemalar?nda informatsiyal?q-psixologiya qa'wipsizligi. T., 2009. 24 B.

[2] Rashidova D. Muratova N. İnternet jurnalistika.-T.: 2007. 29 B.

tu’rli tarawlarda isletiliwine qaramastan woni’n’ tiykarg’i’ maqset h’a’m wazi’ypalari’nan biri jan’ali’q jetkiziw boli’p qalmaqta. Wo’zbekstan respublikasi’ni’n’ 1997-ji’l 26-dekabrde qabi’l yetilgen «G’alaba xabar qurallari’ h’aqqi’nda»g’i’ ni’zamni’n’ 1-statyasi’nda ko’rsetiliwine tiykarlani’p bul tarmaqti’ «Elektron xabar sistemasi’» si’pati’nda g’alaba xabar qurallari’ dep ta’n ali’w mu’mkin. Bul ni’zamda «G’alaba xabar qurallari’ gazetalar, jurnallar, xabarnamalar, byulletenler, xabar agentlikleri, televidenie (kabelli, kabelli efirge beriw televideniesi) h’a’m radioesittiriwler, h’u’jjetli kino, elektron xabar sistemasi’, sonday-aq, turaqli’ atamasi’na iye bolg’an. Ma’mleketlik biyg’a’rez h’a’m basqa g’alabali’q waqi’tli’ basi’li’mlar g’alaba xabar qurallari’ boli’p tabi’ladi’»[1], - dep ko’rsetilgen.

Wo’zbekstan h’a’m Qaraqalpaqstan respublikalari’ ushi’n İnternet informatsiyali’q texnologiyalari’nan paydalani’wdi’n’ jan’a tarawi’ boli’p yesaplanadi’. 2002-ji’li’ Ministrler Ken’esi ta’repinen «Kompyuterlestiriwdi ja’ne de rawajlandi’ri’w h’a’m xabar kommunikatsiya texnologiyalari’n ja’riya yetiw ilajlari’ h’aqki’nda»g’i’ qarari’ qabi’l yetildi. Bul qarar pu’tkil respublikami’zdi’n’ sanaat bo’limi, den-sawli’qti’ saqlaw, bilimlendiriw, ma’mleket h’a’m ja’miyet basqari’wi’ si’yaqli’ barli’q tarawlardi’ birden-bir tarmaqli’ sistemag’a jalg’aw yesabi’nan İnternet saytlari’ payda yetilgen.

İnternet bir neshe informatsiyalardi’ tarqati’p qoymastan, al h’a’zirgi da’wir menen baylani’sti’ jolg’a qoymaqta. İnternet tu’rindegi elektron texnologiyalar keleshektegi baylani’slardi’ belgilep bermekte. Sonday-aq İnternet ayri’qsha jag’daylarda da u’zliksiz informatsiya h’a’m jan’ali’qlar deregi boli’p yesaplanadi’. Bul bolsa, internetten paydalani’wshi’ h’a’r bir shaxsti’n’ internetke material (xabar, maqala) tayarlaw za’ru’rligin payda yetedi.

Sonli’qtan da, bu’gingi ku’nde İnternet sistemasi’ndag’i’ jurnalistika janrlari’ni’n’ klassifikatsiyasi’n ani’qlaw h’a’m woni’n’ tu’rlerin ko’rsetip beriw, sonday-aq, İnternet ushi’n xabar, maqala si’yaqli’ janrlarda materiallar tayarlaw qag’i’ydalari’n u’yreniw yen’ aktual ma’selelerden biri boli’p yesaplanadi’.

[1] Tortinchi h’okimiyat: Wozbekiston Respublikasining qonunlari, qarorlari va boshqa h’ujjatlari tuplami. – T.: Meh’nat. 2003. – B. 7.

**Jumi’sti’n’ maqseti h’a’m wazi’ypalari’.** İnternet sistemasi’ndag’i’ materiallardan baspaso’zde paydalani’w, anaw yamasa mi’naw mag’li’wmatlardi’ awdari’w arqali’ ja’riyalaw – bu’gingi ku’nde ken’ tu’rde yen jaymaqta. A’sirese, wondag’i’ janrlar evolyusiyasi’n u’yreniw h’a’m woni’n’ da’stu’riy g’alaba xabar qurallari’ndag’i’ janrlar menen sali’sti’rmali’ analiz etiw arqali’ ilimiy juwmaq jasaw bizin’ pitkeriw qa’nigelik jumi’si’mi’zdi’n’ tiykarg’i’ maqseti boli’p yesaplanadi’.

Soni’n’ menen birge, internet arqali’ zamanago’y jurnalistikag’a kirip kelgen janrlar topari’: blits-opros, reyting, monitoring, sotsiologiyali’q rezyume, press-reliz h’a’m tag’i’ basqada sol si’yaqli’ jan’asha janrlarg’a ta’riyp beriw, wo’zine ta’n qa’siyetlerin ani’qlaw h’a’m de internet arqali’ intervyu sho’lkemlestirip, woni’ baspaso’zde ja’riyalawdi’n’ jan’asha forma si’pati’nda ta’n ali’ni’wi’, wolardi’ baspaso’z materiallari’ mi’sali’nda u’yreniw pitkeriw qa’nigelik jumi’si’mi’zdi’n’ maqseti sanaladi’.

Bul maqsetke yerisiw ushi’n to’mendegishe wazi’ypalardi’ belgilep aldi’q:

- Qaraqalpaqstan baspaso’zinde İnternet materiallari’ni’n’ paydalani’w h’a’m ken’ ja’miyetshilikke tarqati’w mqmkinshiliklerin u’yreniw h’a’m woni’n’ jetiskenlikleri menen bul bag’dardag’i’ mashqalalari’na bah’a beriwden ibarat;
- Qaraqalpaqstanda g’alaba xabar qurallari’ni’n’, soni’n’ ishinde baspaso’z xi’zmetinin’ veb-saytlari’, soni’n’ ishinde baspaso’z xi’zmetinin’ veb-saytlari’ menen baylani’si’w h’a’m wolardi’n’ xi’zmetin baqlap bari’w;
- Bul bag’darda respublikali’q, qalali’q, rayonli’q, tarmaqli’q, ma’mleketlik yemes gazetalardi’n’ mu’mkinshiliklerin sali’sti’rmali’ u’yreniw;
- Wo’zbekstan ko’leminde tarqati’latug’i’n Respublikali’q gazetalarda, sonday-aq, siyasi’y partiyalardi’n’ gazetalari’nda internet materiallari’nan paydalani’w wo’zgesheliklerin u’yreniw arqali’, wolardi’n’ jetiskenlerin Qaraqalpaqstan baspaso’zine yendiriwge usi’ni’slar kirgiziw;
- Qaraqalpaqstan baspaso’zinde internet materiallari’ni’n’ janrli’q wo’zgesheliklerine analiz jasaw.

İnternette jurnalistika janrlari'ni'n' qaysi' birleri jetekshilik yetedi, h'a'zirgi ku'nge shekem wolar qanday rawajlandi', bunnan keyin ja'ne de rawajlani'wi' ushi'n qanday imkaniyatlardan paydalani'wi' kerek? - degen wori'nli' sorawlar payda boladi'. Wolarg'a juwap beriw jumi'si'mi'zdi'n' tiykarg'i' wazi'ypalari'mi'zdan biri boli'p tabi'ladi'.

Buni' biz baspaso'z benen internet jurnalistikasi'n sali'sti'ri'w, birin-biri tolti'ratug'i'n belgilerdi, wo'zine say ta'replerin, jetiskenlik h'a'm kemshiliklerdi tuwri' bah'alay ali'w arqali' u'yreniwge h'a'reket yetemiz.

Sonday-aq, İnternet jurnalistikasi'ni'n' rawajlani'w basqi'shlari'n, İnternet sistemasi'nda janrlar evolyutsiyasi'n internet materiallari' h'a'm da'stu'riy g'alaba xabar qurallari'ni'n' janrlari' menen sali'sti'rmali' analiz yetilip tiyisli juwmaqlar shi'g'ari'wg'a h'a'reket yetemiz. Buni'n' ushi'n internetten paydalani'wshi'lar ushi'n xabar h'a'm maqala janrlari'n tayarlaw qag'i'ydalari', qag'az gazetag'a jurnalistlik material jazi'wdi'n' ayi'rmashi'li'g'i', woni'n' tiykarg'i' qa'siyetleri h'aqqi'ndag'i' jazi'lg'an teoriyali'q pikirlerge su'yenemiz.

**Pitkeriw qa'nigelik jumi'si'mi'z** ushi'n Wo'zbekstan h'a'm Qaraqalpaqstan respublikalari'nda shi'g'atug'i'n gazeta-jurnallar h'a'mde usi' basi'li'mlardi'n', xabar agentliklerinin' internettegi veb-saytlari' tiykarg'i' obekt yetip ali'ndi'.

Ja'ne de jumi'si'mi'zdi'n' teoriyali'q da'rejesin bekkemlewde h'a'm materiallar analizi tiykari'nda ju'zege shi'qqan pikirlerimizdi da'lillewde İnternet jurnalistikasi', on-layn sistemasi'nda jurnalistika janrlari' h'a'm elektron g'alaba xabar qurallari' teoriyasi' h'a'm praktikasi' boyi'nsha jazi'lg'an fundamental miynetlerden paydalandi'q.[1]

Pitkeriw qa'nigelik jumi'si'mi'z quri'li'si' boyi'nsha kirisiw, tiykarg'i' u'sh bap, juwmaqlaw h'a'm paydalani'lg'an a'debiyatlar diziminen ibarat.

[1] Xudayqulov M. Ommaviy axborot vositalari nazariyasi.-T.: Universitet. 1999. Rashidova D.K. İnformatsionnıe texnologii i interaktivnoe internet jurnalistika. Tashkent. TashGU. 2003; Rashidova D.K. İnternet v Uzbekistane: vozmojnosti i problemı. Tashkent, Zarkalam. 2003; Rashidova D. Muratova N. İnternet jurnalistika.-T.: 2007; Spor?shev R. İnteraktivnoe televidenie. Moskva, 2001; Kalmıkov A.A., Koxonova L.A. İnternet-jurnalistika. Moskva, Yuniti, 2005; Kastelı M. Galaktika İnternet. Ekaterinburg. U-Faktoriya, 2004; Kixtan V.V. İnformatsionnıe texnologii v jurnalistike. – Rostov n/D: Feniks. 2004; Lejun Tszya. İnternet i kitayskie onlaynovıe SMİ. – M.: MGU. 2004; Krupnov A.İ. İnternet-spravochnaya kniga rukovoditelya. Moskva, Fiord.

Kirisiw bo’liminde temani’n’ aktuali’g’i’, jumi’si’mi’zdi’n’ tiykarg’i’ maqseti h’a’m wazi’ypalari’, teoriyali’q tiykar h’a’m tiykarg’i’ obekt, uli’wma pitkeriw qa’nigelik jumi’si’mi’zdi’n’ si’patlamasi’ berilgen.

Birinshi bapta: «Jurnalistikada internettin’ tutqan worni’ h’a’m a’h’miyeti» h’aqqi’nda ayti’ladi’.

Ekinshi bapta: «Baspaso’zdegi internet materiallari’ni’n’ tematikali’q wo’zgeshelikleri» so’z yetiledi.

U’shinshi bapta: «Baspaso’zdegi internet materiallari’ni’n’ janrli’q wo’zgeshelikleri» jo’ninde pikir ju’ritemiz.

Juwmaqlaw bo’liminde baspaso’zdegi internet materiallari’nan ali’ng’an mi’sallar boyi’nsha juwmaqlar jasaladi’.

# I BAP
# JURNALİSTİKADA İNTERNETTİN’ TUTQAN WORNI’ HA’M A’HMİYETİ

İnternettin’ payda boli’wi’n XIX a’sirdin’ aqi’ri’nda Germaniyada arzan qag’azlardi’n’ payda boli’wi’ h’a’m 1450-ji’lda Guterberg ta’repinen baspa u’skenesinin’ woylap tabi’li’wi’, XX a’sirdegi Yevropa Baylani’s instituti’ni’n’ sho’lkemlestiriliwi si’yaqli’ h’a’diyselerge sali’sti’ri’w mu’mkin[1]. Sebebi internettin’ payda boli’wi’ adamzat tariyxi’nda buri’n ko’z ko’rmegen imka’niyatlardi’ ashi’p berdi. İnternet bu’gingi ku’ni h’a’tteki jurnalistikani’n’ da unamli’ ta’replerin ko’rsetip beriwge mu’mkinshilik beredi. Soni’n’ na’tiyjesinde pu’tkil du’nyada informatsiya aymag’i’nan wo’zgeshelenip turatug’i’n global informatsiya bazasi’ qəliplespekte. Sol ma’mleketler qatari’nda Wo’zbekstan da g’alaba xabar qurallari’ h’a’m ja’h’a’n informatsiya bazari’ talaplari’nan kelip shi’g’i’p, wo’z xi’zmetin rawajlandi’ri’p barmaqta[2].

İnteraktiv multimedia qurallari’ bu’gingi informatsiya a’sirinde g’alaba xabar qurallari’ sistemasi’n tu’p tiykardan wo’zgertip h’a’m g’alaba xabar qurallari’ni’n’ jan’a texnologiyalari’ payda bolmaqta. Zamanago’y texnologiyalardi’ qollani’w menen birge wolardi’ g’alabali’q kommunikatsiya qurallari’ dep atay basladi’. Ju’z berip ati’rg’an texnologiyali’q protsessler bolsa uzati’li’p ati’rg’an xabar ag’i’mi’ni’n’ aymaq, waqi’t, ko’lemi ta’repinen shegaralanbaytug’i’nli’g’i’na ali’p kelmekte.

İnsaniyat xi’zmetinin’ tu’rli tarawlari’na informatsiyali’q texnologiyalardi’n’ kirip keliwi rawajlani’w protsesslerine na’tiyjeli ta’sir ko’rsetpekte. Bu’gingi ku’nge kelip xabar texnologiyalari’ h’a’m internet da’wir ko’rinisin belgilewshi zamanago’y birlemshi qurallar qatari’nan wori’n aldi’. Ha’zirde kompyuter, telefon yamasa fakssi’z jumi’s ali’p bari’w ju’da’ qi’yi’n. Ja’miyetimizdin’ ba’rshe tarawlari’ ushi’n a’sirese jurnalistler xi’zmetinde internet tarmag’i’ sheksiz mag’li’wmatlar deregine aylandi’. Shegaralardan wo’tpey turi’p, baylani’s jasaw

---

[1] Kastelı M. Galaktika. İnternet. Ekaterinburg. U-Faktoriya, 2004.
[2] Rashidova D. Muratova N. İnternet jurnalistika.-T.: 2007.

tek g’ana a’piwayi’ adamlardi’n’ uzag’i’n jaqi’n, awi’ri’n jen’il yetip qalmay ma’mleketler arali’q boli’p wo’tetug’i’n ja’miyetlik, ekonomikali’q, siyasiy, ma’deniy mu’na’sibetlerdin’ tezlik penen a’melge asi’wi’na imkaniyat jaratadi’. Usi’ protsesslerdin’ a’melge asi’wi’nda ja’h’a’n xabar tarmag’i’ internettin’ u’lesi ko’p.

İnternet tarmag’i’ kommunikatsiyani’n’ globallasi’wi’ ushi’n sheksiz imkaniyatlar ashi’p berdi h’a’m dunyadag’i’ yen’ liberal sistemalardi’n’ biri boli’p, jeke ta’rtipte woni’n’ h’esh qanday iyesi joq. Woni’n’ xi’zmetin muwapi’qlasti’ri’wshi’ jalg’i’z sistema da joq yekenligi ba’rshege ma’lim. Da’sturiy informatsiya qurallari’nan pari’qli’ ra’wishte waqi’t h’a’m aymaq shegarasi’ si’yaqli’ tusinikleri internet ushi’n a’h’miyetli yemes. Wonda h’a’r qi’yli’ informatsiyalar ag’i’mi’, h’a’miyshe shegara bilmey h’a’rekette, ma’selenin’ bul ta’repi xali’qarali’q a’h’miyetke iye. İnternet global infrasistema boli’p wol dunyani’n’ h’a’mme ma’mleketlerin wo’z ishine qamti’p alg’an. Bugingi ku’nde du’nya boylap İnternet tarmag’i’ni’n’ sheksiz mag’li’wmatlar h’a’m jan’ali’qlar, turli tarawlarda xi’zmet ko’rsetiw deregi si’pati’nda rawajlani’p ati’rg’anli’g’i’na guwa boli’w mu’mkin. Tarmaq kerekli bilim h’a’m xabar, tu’rli xi’zmetler deregi yesaplanadi’. Wol sheksiz jo’nelislerge iye u’lken kitapxanag’a uqsaydi’. Woni’n’ bo’leklerinde tu’rli tarawlarg’a tiyisli mag’li’wmatlar jaylasti’ri’lg’an. Wolardan na’tiyjeli paydalani’w bolsa, h’a’r bir adamni’n’ wo’zine baylani’sli’. Bazi’ qa’nigeler internetti jan’a g’alaba xabar qurali’ si’pati’nda qaraydi’. Na’tiyjede jan’a İnternet jurnalistikasi’ atamasi’ payda boldi’. Tarmaq wo’zinde barli’q g’alaba xabar qurallari’ni’n’: televidenie, radio, gazetani’n’ funktsiyalari’n qamti’ydi’ h’a’m informatsiyani’n’ ko’pligi woni’n’ bul h’aqqi’ndag’i’ uli’wma u’stinligin ta’miyinleydi. Soni’ da ayri’qsha ayti’p wo’tiw kerek tezlik penen wo’zgerip barati’rg’an h’a’zirgi globallasi’w da’wirinde İnternet wo’zinin’ bir qansha qolay imkaniyatlari’ menen bir qatarda, ayi’ri’m mashqalalardi’ da keltirip shi’g’armaqta. Ju’zege keletug’i’n mashqalani’ sheshiw maqsetinde bir qansha ma’mleketlerde a’meliy jumi’slar ali’p bari’lmaqta.

Jurnalistika tarawi’ ilimpazlari’nan Q.Ernazarov, YA.Mamatova h’a’m İ.Toshalievalar wo’zlerinin’ «Reportërli’q xi’zmeti teoriyasi’ h’a’m praktikasi’» atli’ miynetinde internetti *«Materiyallardi’ jazi’w, jurnalistlik izertlewler wo’tkiziw h’a’m de jan’ali’qlardi’ monitoringden paydalani’w mu’mkin bolg’an informatsiyali’q g’a’ziyne»*[1] - dep bah’alaydi’.

Bu’gingi ku’nde ko’plegen gazeta-jurnallardi’n’ internette elektron versiyalari’ bar h’a’m wolar ren’li foto, dawi’s h’a’m video imkaniyatlari’ menen ta’miyinlengen. İnternette mag’li’wmatlar h’a’m jan’ali’qlardi’ tezlik penen jetkerip beriw imkaniyatlari’ jolg’a qoyi’lg’an, soni’n’ menen birge tarmaqti’n’ yadi’ shegaralanbag’an. Jan’alani’wlar izbe-iz ju’z berse de yeskirek xabardi’ arxivlew mu’mkin, yag’ni’y kerek bolg’anda an’sat ashi’p paydalani’w imkaniyati’na iye. Woqi’wshi’da ju’da’ u’lken mug’dardag’i’ mag’li’wmatqa iye boli’w joli’ bar bolsa da, bul xabarlar wog’an «yelekten» wo’tkizilgin h’a’m ta’rtiyiplep bekitilgen h’alda beriledi. Arxiv baspasi’ uli’wmali’q wo’nimnin’ bo’limine aylanadi’ h’a’m woni’ ba’rh’ama ali’p woqi’w mu’mkin. Bunda h’a’mme arxiv izlew mashinasi’ menen ta’miyinlengen. Bul arqali’ reaktsion materiallardi’ sa’nesi, temasi’ h’a’m bo’limlerine qaray tabi’w mu’mkin. Arxiv jurnalistika na’tiyjeliginin’ arti’wi’na ta’sir etedi.

G’alaba xabar qurallari’ tarawi’nda a’sirese, zamanago’y internet jurnalistikasi’nda «interaktivlik» tu’siniginin’ isletiliwinde ko’binese texnikali’q h’a’m ja’miyetlik tu’rlerge tiykarlang’an h’alda aji’ratadi’. Texnikali’q degende paydalani’wshi’ h’a’m texnikali’q qural arasi’ndag’i’ wo’z-ara xi’zmet (insan-kompyuter), ja’miyetlik qollani’wshi’lar arasi’ndag’i’, lekin texnikali’q qurallar arqali’ mu’na’sibeti (insan-kompyuter-insan) na’zerde tuti’lmaqta. Jurnalistikada qollanatug’i’n «interaktivlik» «insan-insan» shi’nji’ri’ «insan-mashina» wo’z-ara xi’zmetinde woqi’wshi’ mashinag’a ta’sir yetiw imkaniyati’ h’a’m tan’law imkaniyati’na iye boladi’. İnternette xabar ali’wdi’n’ belgilengen qag’i’ydalari’ yaki ani’q ma’nzili ko’plegen boli’p, wolardi’ ma’lim da’rejede tan’law usi’li’ joq.

---

[1] Ernazarov K.T. Mametova Ë.M. Tashalieva İ.E. Reportërlik faoliyati naz riyasi va amaliati. – T.: Universitet. 2002. – B. 88.

Ani’g’i’raq yetip aytatug’i’n bolsaq, ku’ndelikli gazetalardi’ gu’zetip baratug’i’n woqi’wshi’ o’zine kerekli mag’li’wmatti’ qay jerden tabi’wdi’ yamasa qaysi’ bette qanday informatsiya barli’g’i’n jaqsi’ biledi. Oni’n’ ushi’n maqalani’n’ temasi’n u’lken h’a’ripler menen jazi’w da sha’rt emes. Sonda da tema boyi’nsha jo’neltirilgenligi bug’an imkan jaratadi’.

İnternet imkaniyatlari’ni’n’ qolayli’q ta’repleri, woni’n’ uzati’lg’an mag’li’wmat yaki jan’ali’qti’, sonday-aq tekst, foto, audio (dawi’s) h’a’m video ko’rinisler menen de ta’miyinlewge bolatug’i’nli’g’i’nda ko’rinedi. Bul zamanago’y internet jurnalistikasi’ni’n’ basqa g’alaba xabar qurallari’na qarag’anda u’stin ta’replerine iye yekenliginen derek beredi.

Ma’mleketimiz Prezidenti İ.A.Karimov «Joqari’ ma’nawiyat–jen’ilmes ku’sh» atli’ kitabi’nda globallasi’w protsessleri h’a’m ideologiyali’q gu’resler h’aqqi’nda ayti’p wo’ter yeken, *«Globallasi’w bul, yen’ da’slep zamanni’n’ joqari’ da’rejede jedellesiwi boli’p tabi’ladi’. Ha’r bir sotsialli’q h’a’diysenin’ unamli’ h’a’m unamsi’z ta’repi bolg’ani’ si’yaqli’, globallasi’w protsessi de bunnan ji’raq yemes. Ha’zirgi waqi’tta woni’n’ wog’ada keskin h’a’m ken’ ko’lemli ta’sirin barli’q tarawlarda ko’riw, seziw mu’mkin»*[1] dep jazadi’. Usi’ pikirlerdi «Wo’rmeshek tori’» dep atalg’an internet mi’sali’nda ali’p ko’retug’i’n bolsaq, woni’n’ qanshelli real yekenligin ko’riwimiz mu’mkin.

G’a’rezsizlik ji’llari’nda ma’mleketimizde ko’plegen ni’zam h’u’jjetleri da’wir talabi’nan kelip shi’g’i’p, demokratiyali’q printsiplerge tiykarlang’an h’alda jarati’ldi’. G’a’rezsizliktin’ da’slepki ji’llari’nan baslap-aq, ani’g’i’rag’i’ 1994-ji’lda ma’mleketimizde g’alaba xabar qurallari’ni’n’ uli’wma sani’ 445ti qurag’an bolsa, bu’gingi ku’nde wolardi’n’ sani’ 1095 ge jetti h’a’mde bul ko’rsetkish ja’nede wo’sip barmaqta. Bul bag’darda ma’mleketlik yemes g’alaba xabar qurallari’ni’n’ sani’ da ko’beyip ati’r. Yeger 1994-ji’lda ma’mleketlik yemes g’alaba xabar qurallarni’n’ sani’ 31di qurag’an bolsa, bu’gingi ku’nge kelip wolardi’n’ sani’ 520 dan asi’p ketti.

[1] Karimov İ.A. Joqarı ma’na’wiyat – jen’ilmes ku’sh. – T.: Manaviyat. 2002. – B. 111.

Ha'zirgi waqi'tta internet jurnalistikasi' da jedellik penen rawajlani'p barmaqta. Jan'a baspadag'i' ni'zamni'n' 4-statyasi'nda uli'wma paydalani'wdag'i' telekomunikatsiya tarmaqlari'ndag'i' veb-saytlarda, yeger informatsiya xarakterine iye bolg'an mag'li'wmatti' tarqatatug'i'n bolsa, g'alaba xabar qurallari' si'pati'nda ko'rsetip wo'tilgen. Yelimizde ni'zamni'n' usi' statyasi' talaplari'na juwap beretug'i'n 60dan arti'q veb-saytlar xi'zmet ko'rsetip kelmekte. İnformatsiyani'n' globallasi'wi' protsessine wo'tiw da'wirinde İnternet tarmag'i'nda Wo'zbekstang'a tiyisli milliy saytlardi' ko'beytiw lazi'm. Bul wazi'ypa bu'gingi ku'nde ken' ko'lemde wori'nlani'p ati'r. «İnternet jurnalistikasi'» boyi'nsha h'a'r qi'yli' xali'q-arali'q tan'lawlar da sho'lkemlestirilmekte. Wolardi'n' biri si'pati'nda Wo'zbekstandag'i' «Alti'n qa'lem» xali'q-arali'q tan'lawi'n atap wo'tsek boladi'. Qaraqalapaqstan jurnalistikasi'nda usi' tan'lawdi'n' jen'impazi' da bar. Bul belgili jurnalist B.Tilewmuratov boli'p yesaplanadi'.

Bu'gingi kunde rawajlang'an ma'mleketler du'nyada informatsiyali'q u'stinlikke yerisiwge umti'li'p ati'r. Bul tuwrali' wo'zine ta'n ba'seke kelip shi'g'adi'. Sebebi informatsiya tarawi'ndag'i' u'stinlik h'a'zirgi waqi'tta ma'mlekettin' basqa ekonomika, siyasat, ma'deniyat h'a'm tag'i' basqa tarawlardag'i' u'stinligin ta'miyinleydi.

İnternettin' payda boli'wi'na tu'rtki bolg'an na'rseni ali'mlar wo'tken Ken'es h'u'kimeti da'wirinde insanni'n' birinshi ret kosmosqa pa'rwaz yetiwi menen baylani'sti'radi'[1]. Sebebi, bul pa'rwaz amerikali'lardi' ta'shwishke salg'an. Wolar atom bombasi' h'u'jimin na'zerde tuti'p, jan'a qorg'ani'w qurali'n woylap tabi'wdi' ku'sheytiw h'aqqi'nda bas qati'ri'wg'a ma'jbu'r boladi'. Bul h'aqqi'nda: *«1957-ji'li' Jerdin' jasalma joldasi' orbitag'a shi'g'ari'lg'annan keyin, AQSh ma'mleketi u'lken ta'shwishke tu'sedi. Sebebi, ma'mlekettin' informatsiya saqlaw bari'si'nda isenimli sistemag'a iye boli'w za'ru'rligi payda bolg'an yedi»* - dep jazi'lg'an Vikipediya on–layn mag'li'wmatnamasi'nda. Yendi AQShti'n' aldi'n'g'i' ilimiy joybarlari' agentligi buni'n' ushi'n kompyuterler arali'q tarmaqti' jarati'wdi' usi'ni's yetedi. Usi' tarmaq u'stinde islewdi ma'mlekettin' yen' iri

[1] Begmatov B. İnternet: rivojlanish bosqishlari va zamonaviy tasirlar. İnternet maqola. www.UzScinet.ru. Sayt?.

to’rt universitetine tapsi’ri’ladi’[1]. Solay yetip yen’ da’slepki kompyuterler tarmag’i’ – «Arpanet» (ARPANET – buni’n’ ma’nisi *aldi’n’g’i’ ilimiy izertlew joybarlari’ agentligi tarmag’i’*) ju’zege keledi. Ani’g’i’rag’i’ 1969-ji’li’ Amerikani’n’ yen’ iri to’rt ilimiy sho’lkemi, yag’ni’y to’rt universiteti (bular: Los–Anjelestegi Kaliforniya universiteti, Stendford ilimiy – izertlew worayi’, Yuta shtati’ universiteti h’a’m Kaliforniya shtati’ni’n’ Santa–Barbara qalasi’ndag’i’ universitetler yedi) wo’zlerinin’ kompyuterlerin bir tarmaqqa jalg’aydi’ h’a’m mag’li’wmatlar almasadi’. Bul joybardi’n’ barli’q qa’rejetleri AQShti’n’ finans ministrligi ta’repinen qaplanadi’.

İnternettin’ payda boli’wi’ h’a’r tu’rli ilimiy woraylardi’n’ jumi’slari’n koordinatsiyalaw, informatsiya almasi’w, wo’z-ara qari’m-qatnas wornati’w ushi’n isenimli h’a’m turaqli’ isleytug’i’n tarmaqti’n’ za’ru’rligi menen de baylani’sli’ yedi. Bul sistemada tarmaqti’n’ bir «buwi’ni’» isten shi’qsa (ma’selen yadro h’u’jimi ta’sirinde) basqa bo’limlerdin’ zi’yan ko’rmesligi, wo’zlerinin’ jumi’slari’n dawam yettiriwi jobalasti’ri’lg’an yedi. Sol si’yaqli’ infomatsiyalardi’ saqlaw h’a’m baylani’sta boli’wdi’n’ a’skeriy qurali’ si’pati’nda payda bolg’an İnternet, 1972 – ji’lg’a kelip, joqari’ woqi’w sistemalari’nda ken’ tu’rde qollani’la basladi’. AQShti’n’ 50 universiteti h’a’m ilimiy izertlew woraylari’ jan’a tarmaqqa jalg’ani’p, ilimiy mag’li’wmatlardi’ almasi’wda wonnan wo’nimli paydalanatug’i’n boldi’. 1983 – ji’lg’a kelip, İnternet ja’miyetlik baylani’s qurali’na aylani’p, woni’n’ ko’lemi biraz ken’eyip bardi’.

Yeki qu’diretli ma’mlekettin’ wortasi’nda «qurallani’wda ba’ygi» si’pati’nda, «qurallani’w jari’si’» na’tiyjesinde payda bolg’an İnternet XXI a’sirge kelip, h’a’tteki atom bombasi’nan da qorqi’ni’shli’ h’a’m qa’wipli, basqari’li’wi’ qi’yi’n bolg’an ku’shke aylandi’[2]. Bu’gingi ku’nde İnternetten waqti’xoshli’q usi’li’, pochta xi’zmetleri, h’a’r tu’rli ku’shlerdin’ wo’z ma’pleri ushi’n gu’resindegi qurali’ si’pati’nda da paydalani’lmaqta. Wolar tuwdi’ri’p ati’rg’an qa’wipler bir adamni’n’ yamasa bir ma’mlekettin’ g’ana yemes, al, pu’tkil jer

[1] Begmatov B. İnternet: rivojlanish bosqishlari va zamonaviy tasirlar. İnternet maqola. www.UzScinet.ru. Sayt?.

[2] Bogomolova N.N. Sotsialnaya psixologiya pechati, radio, televideniya i interneta. M.: MGU, 1991.

shari'ni'n' ta'g'dirine, keleshegine qa'wip salmaqta. İnternet arqali' h'a'r qanday mag'li'wmat sanawli' sekundlerda pu'tkil jer shari'na a'shkara yetilmekte. Bu'gingi ku'nde 220 vt. elektr quwati', jeke kompyuteri h'a'm İnternet tarmag'i'na iye bolg'an adam ko'p na'rseni wo'zinin' bo'lmesinen shi'qpay turi'p – aq bilip ali'wi', wazi'ypalardi' wori'nlawi' mu'mkin.

Al, yendi usi'nday zamanago'y operativ texnikani'n' insani'yat ushi'n keri ta'sirlerin woylap qarasaq, ayri'm adamlar woni' «atom qurali'»na, bazi'lar «informatsiya uri'si' qurali'»na megzetedi. Sebebi, insanlardi'n' ma'deniyati' h'a'm qa'diriyatlari'na zi'yan jetkizetug'i'n audio–vizual h'a'm kontent mag'li'wmatlardi'n' tarqali'wi', ma'selen, zorli'q, pornografiya, pedofiliya saxnalari'ni'n' tarqali'wi' keskin shara h'a'm ila'jlar ko'riwdi talap yetedi. Usi'nday unamsi'z h'a'reketler ko'p xi'zmetti atqari'wshi' İnternetti «wo'zine ta'n taslandi'xana», «basqari'p bolmaytug'i'n informatsiya maydani'», «dezinformatsiya», «wo'tirik h'a'm wo'sekler» deregine aylandi'ri'p taslamaqta. Sonli'qtan da, wonnan tek g'ana insani'yatti'n' paydasi' ushi'n, duri's paydalani'wdi' u'yreniwdi, informatsiyali'q ma'deniyatti' qa'liplestiriwdi da'wir talap yetedi.

A'lbette, h'uqi'qi'y baqlaw, a'dep–ikramli'li'q qag'i'ydalari'na boyi'si'nbaw h'a'reketleri İnternetti a'zzilendiredi. Bunday kemshilikler İnternettin' abzalli'qlari'n h'a'm qolayli'li'qlari'n yekinshi da'rejege tu'sirip jiberedi[1].

Bizin'she, xali'q – arali'q sho'lkemler bul mashqalalardi'n' sheshimin tabi'wi' kerek. Du'nyani'n' jetekshi ma'mleketlerinin' bul bag'dardag'i' h'a'reketlerin birlestirgen h'alda İnternettin' jumi's islew ta'rtibinin' h'uqi'qi'y tiykarlari'n h'a'm normalari'n islep shi'g'i'w maqsetke muwapi'q. Usi' tiykarda ruwxi'y zi'yan jetkiziw, a'dep–ikramli'li'q qag'i'ydalari'ni'n' buzi'li'wi' h'a'm informatsiya kommunikatsiya bari'si'ndag'i' basqa da ta'rtipsizlikler ushi'n juwapkerlik ila'jlari'n belgilep ali'w ayri'qsha a'h'miyetke iye. Sonda g'ana

[1] Begmatoa B. İnternet: rivojlanish bosqishlari va zamonaviy tasirlar. İnternet maqola.

İnternettin’ unamsi’z ta’sirleri kemeyedi, tiykarg’i’ itibar woni’n’ paydali’ ta’replerine qarati’ladi’.

Jurnalistika ushi’n, jurnalist ushi’n internettin’ a’h’miyeti ku’ta’ u’lken. Wolardi’ to’mendegiler menen si’patlaw mu’mkin:

Birinshiden; bul monitoring janri’ndag’i’ jan’ali’qlar ushi’n da, analitikali’q janrdag’i’ materiallardi’ jazi’w h’a’m jurnalistlik izertlew ju’rgiziw ushi’n da paydalani’li’wi’ mu’mkin bolg’an h’a’rqi’yli’ mag’li’wmatlardi’ beredi.

Yekinshiden; internet mag’li’wmat ma’limlemelerden baslap (so’zlikler h’a’m entsiklopediyalardag’i’ maqalalar, statistikali’q mag’li’wmatlar, bibliografiya, kartalar, adresler, kompaniyalar h’a’m sho’lkemler h’aqqi’nda mag’li’wmatlar h’a’m t.b.), h’a’rqi’yli’ ma’seleler boyi’nsha tarmaqli’q so’ylesiwdin’ h’a’rqi’yli’ formasi’nda (konferentsiyalar, forumlar, miyman da’pterleri h’a’m t.b.) adamlardi’n’ bildirilgen pikirlerine shekem za’ru’rli mag’li’wmatlardi’ izlewdi an’sat a’melge asi’ri’w mu’mkinshiligin beredi. Solay yetip, internet bul ma’limleme okeani’ h’a’m bul okeannan kerekli na’rseni tuti’p ali’w ushi’n za’ru’rli tarmaq h’a’m qarmaq.

U’shinshiden; internet – bul telefon, faks h’a’m basqa da u’yrenshikli baylani’s usi’llari’nan anag’urli’m arti’q bolg’an na’tiyjeli kommunikatsiya qurali’.

To’rtinshiden; internet jan’a tiptegi g’alaba xabar qurallari’ jedel qa’liplesip ati’rg’an u’lken media ken’islik boli’p tabi’ladi’. Elektron g’alaba xabar qurallardi’n’ gipertekstlik h’a’m multimediali’q imkaniyatlari’ wolarg’a woqi’rmanlardi’ da, reklama beriwshilerdi de tartadi’. Tarmaqta jurnalistlerdin’ jan’a qatlami’ qa’liplespekte; wo’zinin’ ayri’qsha usi’llari’ h’a’m metodlari’na iye bolg’an tarmaqli’q (on-layn) jurnalistika rawajlanbaqta; wo’z ka’siplik awqamlari’ h’a’m «juldi’zlari’» payda bolmaqta; da’stu’riy g’alaba xabar qurallari’ reportërlari’ h’a’m xabarshi’lari’ a’ste-aqi’ri’nli’q penen on-layng’a wo’tpekte.

Jurnalist jumi’s ali’p bari’p ati’rg’an ayqi’n media salag’a qaramastan (Pressa, radio, televidenie h’a’m t.b.) internet wol ushi’n a’h’miyetli miynet qurali’

boli’p tabi’ladi’. Ma’limleme menen professional islewshi h’a’rqanday adam ushi’n da internet usi’nday a’h’miyetke iye.

Ayi’ri’m boljawlar boyi’nsha, jaqi’n waqi’tta barli’q jurnalistler u’sh kategoriyag’a bo’linip baslaydi’. Wolardi’n’ gipotezali’q ko’rinisi to’mendegishe:

- İnternette uli’wma islemeytug’i’nlar;
- İnternetti «kiriw kanali’», yag’ni’y son’i’nan da’stu’riy baspa, tele h’a’m radiotexnologiyalar shen’berinde qayta islenetug’i’n mag’li’wmat deregi si’pati’nda qaraytug’i’n passiv paydalani’wshi’lar;
- İnternetti «shi’g’i’w kanali’» si’pati’nda paydalani’p, wo’z ma’limleme wo’nimin du’nya ju’zilik tarmaqta taratatug’i’n web–jurnalistler.

İnternet – jurnalistika wo’z wo’zgesheliklerine iye[1]. Birinshi na’wbette bul kishi (ko’lemi boyi’nsha) formalar jurnalistikasi’. 8-10 mi’n’ belgiden aslam bolg’an on-layn – shi’g’armani’ woqi’ytug’i’n adamdi’ ko’z aldi’mi’zg’a keltiriwimiz qi’yi’n. A’sirese, waqti’ sheklengen dial – up jalg’ani’wda. Bunnan ti’sqari’, material kishi atamalari’ bar qi’sqa ayqi’n bloklerge bo’liniwi h’a’m aji’rati’wdi’n’ tekstti janlandi’ratug’i’n h’a’m yen’ a’h’miyetli wori’nlari’n ku’sheytiwi mu’mkin bolg’an qolayli’ usi’llari’ (boyalg’an, kursiv, asti’n si’zi’w, markirovkalang’an dizimler) qollani’li’wi’ maqsetke muwapi’q boladi’. Siz tekst yemes, al gipertekst jazi’p ati’rg’anli’g’i’n’i’zdi’ yeste saqlan’. «Buni’ usi’ jerde ko’resiz» degen jang’a tiyetug’i’n jazi’wlarsi’z derekler yamasa qosi’msha mag’li’wmatqa siltewdi paydalani’p u’yreniw za’ru’r.

Tarmaqli’q basi’li’mlardi’ woqi’ytug’i’n adamlar «qag’azdag’i’» g’alaba xabar qurallari’n woqi’ytug’i’n wortasha woqi’wshi’dan h’a’m teletamashago’yden wo’zgeshe yekenligin yesapqa ali’w kerek. A’dette, bul woqi’mi’sli’raq h’a’m bardamli’raq auditoriya. Bunday woqi’wshi’lar «jaqsi’raq» yamasa «jamani’raq» yekenligin anaw yamasa mi’naw basi’li’m wo’zi sheshedi. Biraq, bul faktordi’ yesapqa almasa bolmaydi’. Sebebi, tarmaqqa jalg’ang’an kompyuter h’a’r bir shan’araqta u’yrenshikli na’rsege aylanbaqta.

[1] Krupnov A.İ. İnternet-spravochnaya kniga rukovoditelya. Moskva, Fiord. İzvestiya, 1998.

İnternet jurnalistikani'n' a'h'miyetli wo'zgesheligi – bul woni'n' interaktivligi, yag'ni'y ko'plegen virtual basi'li'mlar u'skenelengen forumlar yamasa miyman da'pterleri ja'rdeminde qi'zi'qqan woqi'wshi' menen operativ dialogqa kirisiw imkaniyati'. «Yeki ta'repleme baylani's» arqali' redaktsiya menen wo'z-ara tu'siniwge yerisilse, qi'zi'qli' maqala tsiklge yamasa turaqli' rubrikag'a tiykar sali'wi' mu'mkin.

Jumi's tu'rin tan'law ma'selesine qayti'p keliw h'a'm web–jurnalistikag'a toqtawi'mi'z sebepleri to'mendegiler boli'p tabi'ladi'

- turmi's da'rejesi asi'wi' – jan'a, sali'sti'rmali' ko'p to'lenetug'i'n h'a'm za'ru'rli qa'nigelikti wo'zlestiriw;
- insan zati'ni'n' yen' tu'siniksiz ta'replerinin' biri bolg'an qi'zi'g'i'wshan'li'q;
- sa'wbetlesiw – dosli'q baylani'slardi' wornati'wdi'n' qosi'msha stimuli' h'a'm usi'li';
- wo'zin tani'ti'w imkaniyati' – uli'wma do'retiwshilik h'a'm soni'n' ishinde jurnalistika ushi'n yen' a'h'miyetli sebeplerden biri;

Baslamasi' jaqsi' boli'wi' ushi'n qaysi' janrdi' tan'law boyi'nsha ma'sla'h'a't beriw mu'mkin yemes. Jalg'i'z ma'sla'h'a't – wo'z imkaniyatlari'n'i'zg'a arti'qsha bah'a bermen'. Siz jaqsi' jazatug'i'nli'g'i'n'i'zdi' yele da'lillewin'iz kerek. Sol sebepli jaqsi' tani's temalardan baslag'ani'n'i'z duri's boladi'. İnternet materiali'ni'n' mazmuni'nan baslan' – formasi' wo'zi tabi'ladi'.

# II BAP
# BASPASO’ZDEGİ İNTERNET MATERİALLARI’NI’N’ TEMATİKALI’Q WO’ZGEShELİKLERİ

1990-ji’llarg’a shekem jurnalistikada g’alaba xabar qurallari’ si’pati’nda televedenie, radio, gazeta-jurnallar, h’a’r qi’yli’ byulletenler xi’zmet atqarg’an bolsa, h’a’zirgi ku’nge kelip jurnalistika tarawi’ni’n’ imkaniyatlari’ ja’ne de ken’eydi. Yag’ni’y g’alaba xabar kurallari’ qatari’na internette kelip qosi’ldi’. İnternettin’ g’alaba xabar qurallari’ qatari’na qosi’lg’anli’g’i’ ushi’n ko’pshilik jag’dayda «zamanago’y g’alaba xabar qurallari’» termini ju’ritilip kelinbekte.

G’alaba xabar qurallari’ni’n’ h’a’r birinin’ payda boli’w h’a’m qa’liplesiw tariyxi’ bar. Ma’selen, gazeta 16-a’sirde Venetsiyada payda bolg’an, radioesittiriwler 1844-ji’li’ AQSh ta telegrafti’n’ woylap tabi’li’wi’ menen baslang’an, birinshi da’stu’riy teleko’rsetiwleri 1935-ji’li’ Londonda efirge uzati’lg’an. Bul da’wirde-aq usi’ g’alaba xabar qurallari’ jan’ali’q jetkerip beriwdi a’melge asi’rg’an. Gazetalar menen sali’sti’rg’anda radio jan’ali’qti’ janli’ bere baslag’an, televidenie jan’ali’qti’ ko’rinis penen bere alg’an. Lekin AQSh ta radioesittiriwler berile baslag’annan keyin de gazetalardi’n’ sati’li’wi’ kemeymegen, bug’an sebep h’a’r bir g’alaba xabar qurali’ni’n’ wo’zine ta’nliginde. Usi’ taqi’lette internettin’ payda boli’wi’ basqa g’alaba xabar qurallari’ni’n’ xi’zmetlerine unamsi’z ta’sir yetpedi.

İnternet du’nya ju’zindegi kompyuterlerdin’ bir-birine jalg’ang’an tarmaq. İnternet so’zi eki tu’rli talqi’lanadi’, yag’ni’y xali’qarali’q tarmaq h’a’m wo’z-ara jalg’ang’an kompyuterler tarmag’i’[1]. Da’stu’riy g’alaba xabar qurallari’nan wo’zgesheligi internet woraylaspag’an tarmaq, yag’ni’y h’a’r bir adam internet arqali’ basqalar menen mag’li’wmat almasi’wi’ mu’mkin. Sonli’qtan da İnternet biyma’lel G’XQ si’pati’nda ta’n ali’nbaqta. Sebebi biz bu’gingi ku’ni kompyuter aldi’nda woti’ri’p gazeta-jurnallar woqi’y alami’z, basqa tillerdegi televidenie h’a’m radioesittiriwlerdi yesite alami’z.

[1] Rashidova D.K. İnternet v Uzbekistane: vozmojnosti i problemı. Tashkent, Zarkalam. 2003.

İnternettin’ G’XQ qatari’na kelip qosi’li’wi’ jurnalistika tarawi’ni’n’ ken’eyiwine u’lken ta’sir yetti. A’sirese, G’XQ qurallari’ iskerliginde yeki wo’zgeristi ali’p keldi. Birinshisi, du’nya ju’zi boylap jan’ali’qlardi’n’ aylani’si’n tezlestirdi yag’ni’y belgili sekundlar ishinde mag’li’wmatlar du’nyani’n’ qa’legen mushi’na jetip baratug’i’n boldi’. Yekinshisi, internet auditoriya menen baylani’sta bolg’an sheklewlerdi kemeyttirdi. Yag’ni’y qa’legen adam kompyuter h’a’m modem ja’rdeminde h’a’m qa’legen waqi’tta jan’ali’qlardi’ woqi’wg’a h’a’m wo’z pikirlerin bildiriwi mu’mkin[1].

İnternet G’alaba xabar qurallari’nan parqli’ ra’wishte ko’p g’ana ta’repleri menen u’stinlikke iye. Sol ushi’n bu’gingi ku’ni rawajlang’an ma’mleketlerdin’ radioesittiriwleri, televidenielerinin’ veb-saytlari’ bar. Mi’sal ushi’n Ulli’britaniyani’n’ Gardian gazetasi’ wo’zinin’ elektron versiyasi’na da iye. Rossiyani’n’ wo’zinde de bu’gingi ku’ni shama menen 20.000 internet basi’li’mlari’ boli’p, wolarda 70.000 nan aslam jurnalist xi’zmet isleydi.

Ko’pshilik adamlar internettin’ g’alabar xabar qurallari’ si’pati’nda ta’n ali’ni’wi’ so’z yerkinliginin’ ken’ yen jayi’wi’na imkaniyat jaratti’ dep yesaplamaqta. Bul pikirdi h’a’r ta’repleme tuwri’ dep qaraw mu’mkin. Birinshiden, woni’ basqari’w mu’shkil. Sebebi, wol woraylaspag’an yag’ni’y qa’legen wori’nda woti’ri’p, qa’legen mag’li’wmatti’ jaylasti’ri’w h’a’m elektron pochta arqali’ jo’neltiwimiz mu’mkin.

İnglis ali’mi’ Koxren Barret «internettin’ rawajlani’wi’ h’aqqi’nda jazi’w tap ushi’p barati’rg’an woqti’ woqjay menen ati’wg’a megzeydi» - dep jazadi’. Haqi’yqattanda wol tezlik penen rawajlani’p barmaqta. Mi’sal ushi’n chat islew tarmag’i’n ali’p qarayi’q. Da’slep wol tek g’ana tekst arqali’ so’ylesiw imkaniyati’n jaratti’, lekin bul na’rse sol waqi’tta u’lken janali’q yedi. Keyin ala paydalani’w wo’z emotsiyalari’n bere alatug’i’n belgilerden paydalana basladi’. Wonnan son’ chatta mikrofon arqali’ so’ylesiw imkaniyati’ payda boldi’.

---

[1] Rashidova D. Muratova N. İnternet jurnalistika.-T.: 2007.

Radiojurnalist diktofondi' isletip bilgeni kibi internet jurnalisti de kompyuter h'a'm internetti ju'da' jaqsi' biliwi lazi'm. Jurnalist televideniede islese de, gazetada islese de, woni'n' maqseti bir yag'ni'y informatsiya ji'ynaw h'a'm woni' g'alaba xabar qurallari' arqali' tarqati'w. Kerek jag'daylarda internet jurnalisti sayt jarati'w usi'llari'n da biliwi kerek. Ha'zirgi waqi'tta sayt penen shug'i'llanatug'i'n programmistler, veb-betlerdin' dizaynlari'n islewshi grafik-dizaynerler bar. Jurnalist bolsa pikirlew, jazi'w menen birge usi' wazi'ypalardi' da bilip qoysa jaman bolmaydi'.

İnternettin' jurnalist ushi'n yen' qolayli' ta'repi, wol qa'legen internet tarmag'i' jetip barg'an wori'nda turi'p jan'ali'q yaki mag'li'wmatti' wo'z redaktsiyasi'na qi'yi'nshi'li'qlarsi'z sekundlar ishinde, wo'z sayti'ndag'i' programma yaki elektron pochta arqali' jetkerip beriwi mu'mkin. Ja'ne jurnalist wo'z redaktsiyasi'ni'n' veb-sayti'na son'g'i' mag'li'wmatlardi' wo'zi-aq jaylasti'ri'wi' mu'mkin. Soni'n' ushi'n da bu'gingi ku'ni internet tez isleytug'i'n g'alaba xabar qurali' si'pati'nda ta'n ali'nbaqta. Bunnan aldi'n xabarlardi' tez jetkerip beriw imkaniyati'na iye dep tabi'lg'an televidenie, radio h'a'm gazetalar informatsiyalardi' internetten almaqta. Bug'an sebep radiostantsiyalarda ko'pshilik jag'daylardi' dawi'sti' montajlawg'a ketken waqi't mag'li'wmatti' tez jetkerip beriwge imkaniyat bermeydi. Soni'n' menen birge da'stu'riy g'alaba xabar qurallari' du'nya ju'zinde boli'p ati'rg'an xabarlardi' internet kibi ken' qamti'p ala almaydi'. İnternette ra'smiy h'a'm ra'smiy yemes saytlari' bir-biri menen informatsiya almasi'p turadi'. Ma'selen, Wo'zbekstanda boli'p ati'rg'an waqi'yani' Qi'rg'i'zstang'a jetkerip berip tursaq, wolarda bizlerge wo'zlerinde bolg'an mag'li'wmatlardi' jetkerip beredi. Demek, informatsiyalar ag'i'mi' tezlesken bir zamanda internet informatsiyali'q agentliklerdin' wazi'ypasi'n toli'q atqari'wi' mu'mkin.

İnternet gazetashi' jurnalistke sali'sti'rg'anda woylap, pikir ju'ritip woti'ri'wg'a waqi'ti' joq, bul g'alaba xabar qurallari'ni'n' tiykarg'i' u'stinligi-operativligi boli'p tabi'ladi'. Soni'n' menen birge qag'azda basi'latug'i'n

materialg'a sali'sti'rg'anda universal boli'wi' kerek. Sebebi, internet auditoriyasi'ni'n' shegarasi' joq.

Rawajlanag'an ma'mleketlerde worta klass wa'killerine kiriwshi xali'q qatlami' jan'ali'qlardan xabardar boli'wi' ushi'n internetten paydalanadi'. Gazeta h'a'm televidenieden bolsa jergilikli ekspertlerdin' analizlerin izleydi h'a'm woqi'ydi'. Ha'r bir G'XQ sayti' izlew sistemasi' boli'wi' sha'rt, nege degende woqi'wshi' saytqa kirgende tek g'ana jan'ali'q penen tani'si'wg'a h'a'reket yetpeydi, qosi'msha mag'li'wmatlardi' da izlewi mu'mkin. Bul a'lbette, 40-50 betli gazetadan kerekli mag'li'wmatti' izlewden an'sati'raq. Usi' ko'z qarastan ali'p qarg'anda internettin' mag'li'wmatlar banki u'lken h'a'm woni' izlew an'sat. Soni'n' ushi'n jurnalistler internetke wo'z materiallari'n tayarlaw menen birge wonnan ju'da' ko'p materiallardi' aladi'.

Bu'gingi baspaso'zde internet materiallari'n jiye ushi'rati'wi'mi'z mu'mkin. Wolar tu'rli tarawlarg'a tiyisli, h'a'r tu'rli tematikadag'i' materialar boli'p yesaplanadi'. Yendi Wo'zbekstan h'a'm Qaraqalpaqstan baspaso'zindegi usi'nday materiallardi' ko'rip shi'g'ami'z.

Ma'selen, «Oila davrasida» gazetasi'nda «kino jan'ali'qlari'» internet materiallari' tiykari'nda tayarlanadi'. Wolar «Gollivud» h'a'm «Bollivud» rubrikalari' asti'nda, informatsiyali'q formada beriledi. Mi'sali': *«Rejissër Suparn Verma suratga olgan mazkur psixologik triller bosh qah'ramoni Mayya ismli aël. U oiaviy h'aëtda juda baxtsiz edi. Negaki, eri naq eblisning wzi. YAgona ovunchog'i qizi. Aël shu qizi tufayliginerining zulmlariga chidaydi. Ammo kutilmaganda eri olamdan wtadi. Mayya wzini engil xis etadi. Ammo chuchvarani xom sanagan ekan. Wlganiden swng h'am erining ruh'i qizi ikkovini tinch qwymaydi…*

*Filmda bosh rollarni Bipasha Basu, Navoziddin Siddiqiy, Tilotama Shom, Shernaz Patel, Doel Dxvan kabi aktërlar ijro etishgan.»*

Ja'ne bir mi'sal. *«Kinotanqidchilarning takidlashicha, rejissër Endryu Nikol suratga olgan ushbu fantastik film juda qiziqarli va kutilmagan syujetga boy.*

*… Er kurrasi xavf ostida qolgan, insonlar wrnini jismoniy tanadan mah'rum wzra sayёraliklar egallay boshlagan. U ayanchli qismatdan omon qolgan bir guruh' kishilar ularga qarshilik kwrsatadi. Ësh Melanining tanasiga h'am wzga sayёralik wrnashib oladi. Endi qizoloq qarshilik h'arakatini olib boraёtganlar yashiringan joyni kwrsatib berishi kerak. Ammo kutilmaganda Melanining tanasidagi wzga sayёralik unga ёrdam bera boshlaydi…*

*Rejissёr: Endryu Nikol, Rollarda: Sirsha Ronan, Dayan Kryuger, Uilbyam Xёrt va boshqalar.»*[1]

İnternet bul du'nya ju'zi entsiklopediyasi', wonnan gazetada yaki televideniede isleytug'i'n jurnalistler de barqulla mag'li'wmat aladi'. Mi'sali', Rossiyali' jurnalist bir jumi's ku'nin bi'layi'nsha tiykarlaydi'. *«Men wo'z jumi's ku'nimdi ku'ndelikli gazetalardi' woqi'wdan h'a'm news.yandex.ru sayti'n woqi'wdan baslayman, wol arqali' Samara oblasti'nan ti'sqari'da ju'rgenimde qalada ne boli'p ati'rg'ani'n bilip woti'raman. «Novosti» xabar agentliginin' sayti'nda wornati'lg'an jan'ali'qlar lentasi' h'a'r dayi'm janalani'p turadi'. Arnawli' programmalar arqali' FM-radiostantsiyalari' h'a'm bazi' telekanallardi'n' jan'ali'qlari'n da yesitip baraman».*

Qaraqalpaqstan baspso'zinde bolsa, «internet xabarlari'» yaki bolmasa «internet materiallari' tiykari'nda tayarlandi'» degen qatarlardi' jiyi ushi'rati'wi'mi'z mu'mkin. Wolar tu'rli janrlarda boli'wi' mu'mkin. Mi'sali': informatsiyali'q, analitikali'q h'a'm t.b. Soni'n' menen birge tematikali'q jaqtanda wolar h'a'r qi'yli'. Ma'selen: «Ustaz joli'» gazetasi'ni'n' 19-noyabr 2011-ji'lg'i' sani'nda «Bilip qoyg'ani'n'i'z jaqsi'» rubrikasi' menen «Studentler bayrami' du'nya ju'zinde qalay belgilenedi?» temasi'nda internet materiali' tiykari'nda maqala berilgen.

*«Xali'qarali'q studentler ku'ni (17-noyabr) ra'smiy tu'rde belgileniwi 1941-ji'li' Londonda xali'qarali'q studentler ushi'rasi'wi'nda qabi'l yetilgen. Wog'an tiykari'nan usi' sa'nede 1939-ji'li' chexiyali' studentlerdin' fashistler ta'repinen jazi'qsi'z ati'p taslang'anli'g'i' h'a'm ko'plegen studentler menen*

---

[1] //Oila davrasida. №12 (46) 21 mart, 2013 .

*oqi’ti’wshi’lardi’ kontslagerlerge jiberiwi sebep boldi’. Al, du’nya ju’zinde studentler ku’nin qalay belgilewine qi’zi’g’i’si’z ba? Kelin’, bul sorawg’a birge juwap izleyik.*

***Gretsiya***. *Bul ku’n 1973-ji’ldag’i’ studentler ko’teriliske shi’qqan sa’ne boli’p yesaplanadi’. Ra’smiy mag’li’wmatlarg’a qarag’anda bul ku’ni ja’birlengenler bolmag’an. Biraq, ju’zlegen studentler qamaqqa ali’ng’an, mi’n’lag’an adam jaraqat ali’p, 24 adam nabi’t bolg’an. Ko’terilis basti’ri’lg’annan keyin usi’ ku’ni nabi’t bolg’an studentler sheyit bolg’an qurbanlar dep tabi’lg’an.*

***Finlyandiya***. *Vappuda studentler bayrami’n 1-mayda belgileydi. Bul ku’ni litsey pitkeriwshileri wo’mirdin’ jan’a basqi’shi’na wo’tkenligin bildiriwshi simvol yesaplang’an studentlik furajkasi’n kiyedi. Da’stu’rde bayram 30-aprel ku’ni ma’mleket prezidentinin’ qutli’qlawi’ menen baslanadi’.*

***AQSh***. *Yen’ kewilli h’a’m ken’ ko’lemli bayramlardi’n’ biri fevral ayi’nda Garvard universitetinde wo’tkeriledi.*

*Teatrlasti’ri’lg’an «Hasty Pudding» bayrami’ni’n’ atamasi’ 1795-ji’ldan baslap studentler klubi’na ali’p kelingen tag’amni’n’ h’u’rmetine arnap qoyi’lg’an. Bull bayram karnaval tu’rinde h’a’r tu’rli lipaslar paradi’ formasi’nda wo’tkeriledi.*

***Patugaliya***. *May ayi’nda Porto menen Koimbrede Keyma atamasi’n alg’an u’lken studentler bayrami’ boli’p wo’tedi»*[1].

Bunnan basqa internet materiallari’ respublikali’q «Yerkin Qaraqalpaqstan» gazetasi’nda «İnternet sport» rubrikasi’ menen berilip bari’ladi’. Mi’sali’:

*«19 h’a’m 23-oktyabr ku’nleri arali’g’i’nda Termezde milliy gu’res boyi’nsha Prezident si’yli’g’i’ ushi’n Al Ha’kim at-Termiziydin’ yesteligine bag’i’shlang’an X xali’qarali’q turnir h’a’m VIII ja’h’a’n chempionati’ bellesiwleri boli’p wo’tedi.*

*Ha’zirgi waqi’tta bellesiwlerdi joqari’ da’rejede wo’tkeriw ushi’n son’g’i’ tayarli’q jumi’slari’ ju’rgizilmekte. Qaladag’i’ «Surxan» sport kompleksi*

[1] //Ustaz jol?. 19-noyabr 2011-j?l.

*jari'slarg'a tayar yetip qoyi'lg'an. Termez qalasi'n h'a'm woni'n' a'tirapi'n abadanlasti'ri'w isleri a'melge asi'ri'ldi'. Turnir qatnasi'wshi'lari'ni'n' h'a'm miymanlardi'n' bos waqi'tlari'n kewilli wo'tkeriw ushi'n ila'jlar bag'darlamasi' islep shi'g'i'lg'an.*

*Xali'qarali'q turnir h'a'm ja'h'a'n chempionati'na du'nyai'n' 50 den aslam ma'mleketlerinen ku'shli palwanlardi'n' keliwi ko'zde tuti'lmaqta. Wolardi'n' arasi'nda qaraqalpaqstanli' gu'res sheberleri de bar».*[1]

İnternette materiallar to'mendegi formatlarda beriliwi mu'mkin: tekst, su'wret, audio fayl, video rolik h'a'm t.b. Solay bolsa da internette beriletug'i'n janali'qlardi'n' 95% ti tekst formati'nda beriledi. Bug'an sebep, birinshiden; woni' jazi'w h'a'm qayta islew an'sat boladi'. Yekinshiden; teksti woqi'w ushi'n brauzerden basqa programma talap yetilmeydi; u'shinshiden; teksttin' tezligi to'men bolg'an internet xi'zmetleri arqali' yemin-yerkin paydalani'w mu'mkin.

İnternet ushi'n jazi'lg'an informatsiya, radio yaki gazetada berilgen informatsiyadan wonsha parqlanbaydi', lekin wonda jan'ali'qti'n' sol waqi'tta ju'z bergenin h'a'm waqi't shen'berin yesapqa ali'w kerek. Soni'n' ushi'n h'a'r bir internet materiali'ni'n' to'meninde waqi'ya boli'p wo'tken waqi't h'a'm sa'ne jazi'ladi'. Qag'az gazetada bolsa shi'qqan h'a'r bir sanni'n' nomeri boladi'.

Jurnalistika ta'jiriybesinde jan'ali'q yaki basqa da informatsiyalardi' jazi'wda belgili bir qag'i'ydalar bar. Bul na'rse internet payda bolmasi'nan aldi'n payda bolg'an bolsa da internet ushi'n ju'da' a'h'miyetli. Birinshiden, materialdag'i' aktualli'q-woqi'wshi'ni'n' itibari'n qaratatug'i'n birinshi element. Yekinshiden, operativlik, informatsiyani'n' wo'z waqti'nda beriliwi. Ko'pshilik jag'daylarda waqi'ya boli'p wo'tkennen 3 ku'n keyin berilgen informatsiya ju'da' kesh dep yesaplani'ladi'. Bul ko'binese gazetalar ushi'n ta'n boli'wi' mu'mkin, lekin internette bunday keshigip beriletug'i'n informatsiya wonsha ushi'raspaydi'. İnternette ju'da' keshikken informatsiya maksimum bir ku'nnen son' beriliwi mu'mkin. Soni'n' menen birge jurnalist informatsiya tayarlap ati'rg'anda

[1] // Erkin Qaraqalpaqstan. 18-noyabr. 2011-jı. №125 (19119).

woqi’wshi’lari’ni’n’ kim yekenligin itibari’nan shette qaldi’rmawi’ materialdi’n’ qunli’ boli’wi’na ta’sir yetedi.

Su’wretler tiykari’nan tekst berilgen informatsiyag’a qosi’msha retinde beriledi, lekin ko’pshilik internet saytlari’ni’n’ tek g’ana su’wretler menen beretug’i’n xi’zmetleri de bar. İnternette audio h’a’m video informatsiyalardi’ beretug’i’n saytlar da ku’nnen-ku’nge ko’beyip barmaqta. Sebebi bunday formadag’i’ informatsiyalar ti’n’lawshi’ni’n’ belgili bir waqi’ya yaki h’a’diyse boyi’nsha ko’z-qarasi’n faktler, dawi’s h’a’m ko’rinis penen sa’wlelendiredi. Ma’selen, informatsiyalar audio klip formasi’nda BBC.Voice of America. Audio h’a’m video xabarlardi’ beretug’i’n saytlar a’lbette, tekst formasi’ndag’i’ informatsiyalardi’ da ko’birek beredi.

Baspaso’zdegi internet materiallari’n tematikasi’ boyi’nsha to’mendegishe bo’lip u’yrenemiz. 1) İnternet-maqala. 2) İnternet-xabar. 3) İnternet-mag’li’wmat.

## 1) İNTERNET-MAQALA

Zamanago’y İnternet jurnalistikasi’nda maqala janri’ qandayda bir protsess yaki waqi’ya h’a’diyselerdin’ (siyasiy, ekonomikali’q, sotsialli’q) a’h’miyetke iye ta’replerin ani’qlap, wolardi’ analiz yetiwge qarati’lg’an boladi’.

Ha’r bir maqala jazi’li’wdan aldi’n woni’n’ maqseti woqi’wshi’larg’a qandayda bir a’h’miyetli jag’dayda ja’rdem beriw yamasa aktual ma’selelerdin’ sheshimleri h’aqqi’nda pikirlew, gipoteza yetiw lazi’m boladi’.

On-layn jurnalistikasi’ maqalalari’n jazi’li’w mazmuni’na qarap u’sh tu’rge bo’liw mu’mkin:

1. Uli’wma izertlewshi maqala.
2. A’meliy-analizli maqala.
3. Problemali’ yamasa tarti’si’wli’ maqala.

**Uli’wma izertlew maqalani’** jazi’w ko’birek ta’jriybe h’a’m sheberlikti talap yetetug’i’n janr boli’p yesaplanadi’. Wonda avtor tiykari’nan qandayda bir ja’miyetlik mashqalani’n’ kelip shi’g’i’w jollari’n ani’qlap h’a’m woni’n’

sheshiliw jollari’ h’aqqi’nda usi’ni’slar beredi. Bul si’yaqli’ maqala jazi’wda avtor keltirilgen ko’plegen faktlerge aljaspastan go’zlengen ani’q maqsetdi belgilep bere ali’wi’ tiyis.

**A’meliy-analizli maqala** bolsa, İnternet sistemasi’ndag’i’ materiallardi’n’ tiykarg’i’ bo’legin iyeleydi.

**Problemali’ yamasa tarti’si’wli’ maqalalar** bolsa, ja’miyetimizde ju’zege keletug’i’n qandayda bir ba’seke h’a’m pikirlerdi g’alaba xabar qurallari’nda ja’riyalawda isletiledi. Bul si’yaqli’ maqalalar saylawlar waqti’nda yaki siyasiy sheshimlerdin’ qabi’l yetiliwi waqti’nda ko’birek basi’li’wi’ mu’mkin. Ma’selen, «Wo’lim jazasi’n biykar yetiw kerekpe yaki joqpa?» maqalasi’n ali’p qarayi’q. Bunda avtor ko’binese, bir ta’repti jaqlap shi’g’i’w, basqalarg’a qarsi’ faktler keltiriwi h’a’m ayi’ri’m waqi’tlarda woqi’wshi’larg’a emotsional ta’sir wo’tkiziwi mu’mkin. Soni’ da ayti’p wo’tiw kerek, maqalada jurnalist ani’q da’lillerdi keltiriw h’a’m etika normalari’nan shi’g’i’p ketpewi sha’rt. Ta’jriybeden ma’lim bolg’ani’nday, woqi’wshi’lar ba’sekeli maqalalarda ani’q h’u’jjetler yaki belgili shaxslardi’n’ pikirleri keltirilgende ko’birek isenedi.

Maqalani’n’ jazi’li’wi’ ushi’n gipotezali’q du’zilis bar. Maqala jazi’wda jurnalist woqi’wshi’larg’a so’z yetip ati’rg’an temani’n’ a’h’miyetin tu’sindiriwi, son’i’nan usi’ temani’n’ ja’miyet paydasi’ ushi’n qanday jandasi’w kerekligi ayti’ladi’. Son’g’i’ bo’liminde avtor woqi’wshi’lardi’n’ ayti’lg’an tema h’aqqi’ndag’i’ ta’sirlerin ken’eyttirip, wog’an uqsas protsesslerde aldi’n qanday jol tuti’lg’an h’a’m wolardi’n’ na’tiyjeleri qanday bolg’anli’g’i’n jazi’wi’ h’a’m wolar h’aqqi’nda usi’ni’slar beriwi mu’mkin.

Jurnalist gazeta veb-saytlari’ ushi’n maqala jazi’wdan aldi’n ne islewi kerek? A’lbette, maqaladan aldi’n qandayda bir maqsetti aldi’na qoyi’p sol boyi’nsha mag’li’wmat toplawi’ kerek boladi’. Bul to’mendegi formalarda a’melge asi’ri’ladi’.

1. Baqlaw;
2. Hu’jjetler menen islew;
3. Sa’wbet (intervyu) ;

4. Sorawnama (anketa) arqali' ja'miyetlik pikirin u'yreniw.

Sonday-aq, İnternet jurnalistikasi'nda maqala ushi'n jaqsi' tema tan'law da u'lken a'h'miyetke iye boladi'. (bul metod g'alaba xabar qurallari' ushi'nda a'h'miyetli) Zerigerli, uli'wma shablon ta'rizdegi qati'p qalg'an temalardan uzaqlasi'w kerek (ma'selen, *«Studentler menen sa'wbet»*), kerisinshe, soraw ga'pler, idioma, maqalalardan paydalani'w «janli'» temalardi' keltirip shi'g'aradi'. Ma'selen, *«Shashi'n alaman dep basi'n aldi'»*. Maqalani' jazi'p bolg'annan keyin basqa bir adamg'a woqi'ti'p ko'riw yaki kerek bolsa bir ku'n wo'tkennen keyin ja'ne redaktorlaw paydali' boladi'. Maqala redaktorlang'annan keyin qansha qi'sqarsa, sonsha si'patli' shi'g'adi'.

İnternette jan'ali'qlar uzatatug'i'n veb-saytlardi'n' derlik h'a'mmesinde «Analitika» (analiz) bo'limi bar. Wolarda bolsa h'a'r qi'yli' waqi'ya h'a'diyseler h'aqqi'nda siyasatshi'lar, ekspertler h'a'm jurnalistlerdin' analitikali'q maqalalari' shi'g'adi'. Tek g'ana maqalalar uzatatug'i'n saytlar da ko'plep tabi'ladi', ma'selen (www.inosmi.ru), (www.cac.org) h'a'm t.b.

Jurnalistika tariyxi'nda baspaso'zden g'a'rezli maqsetlerde paydalani'lg'ani' bizge ma'lim, soni'da ayti'p wo'tiw kerek, bul na'rse h'a'zir h'a'wij ali'p ati'r. Ha'zir tek g'ana gazeta yamasa barli'q g'alaba xabar qurallari'nda yag'ni'y internette de jurnalistler ju'z berip ati'rg'an h'a'diyselerdi jari'ti'wda g'a'rezli maqsetler ta'sirinde birdey faktlerge h'a'r qi'yli' pikirler tiykari'nda jazi'p ati'r. İnternette bunday jandasi'wlar woqi'wshi'larg'a wonshelli ta'sir yetpewi mu'mkin. Sebebi, wolar bir waqi'tti'n' wo'zinde birdey faktti wonlag'an dereklerden sali'sti'ri'p ko'riwi h'a'm usi'lar tiykari'nda sol fakt h'aqqi'nda wo'zinin' jeke ko'z-qaraslari'n qa'liplestiriwi mu'mkin. Soni'n' ushi'n internette material shi'g'i'wda ilaji' bari'nsha faktlerge obektiv jandasi'w talap yetiledi. Bolmasa siz islep ati'rg'an veb-sayt wo'z auditoriyasi'n jog'alti'wi' mu'mkin. Soni'n' menen birge baspaso'z ushi'n internet materiali'n tayarlag'anda da sol na'rsege ju'da' itibarli' boli'w talap yetiledi.

Baspaso'zden maqala janri'ndag'i' internet matiallari'n mi'sal yetip keltirip wo'teyik:

### *Demografiyali'q siyasatti'n' ku'tilmegen na'tiyjeleri*

*«La Stampa» gazetasi'ni'n' jazi'wi'na qarag'anda «Qi'tay xali'q respublikasi'ni'n' bunnan 30 ji'l buri'n xali'q ko'beyip ketiwinin' aldi'n ali'w maqsetinde qabi'l yetilgen «Bir shan'araq – bir perzent» atli' demografiyali'q siyasati' bu'gin ku'tilmegen aqi'bi'tlerge sebep bolmaqta.*

*«Neke agentinin' ma'lim yetiwine qarag'anda, ma'mlekette qi'zlar sani'ni'n' kemeyip ketiwi sebepli shet yelli qi'zlarg'a u'yleniw tileginde ju'rgen jigitler ko'beyip ketken. Qi'tay ni'zamshi'li'g'i'nda bunday neke jigitlerden biraz qarji' talap yetedi, yag'ni'y ma'lim mug'darda pul to'lemleri a'melge asi'ri'ladi'. Bul jerde ga'p Qi'tay awi'llari'nda jasawshi' jigitlerge Vetnam qi'zlari'n usi'ni's yetip ati'rg'an agentlikler xi'zmeti h'aqqi'nda barati'r. Wolar h'a'tte qi'zlar qashi'p ketken jag'dayda basqasi'n usi'nadi'.*

*Ni'zamli' a'melge asi'ri'li'p ati'rg'an bul biznestin' rawajlani'wi' na'tiyjesinde jasi'ri'n h'ayal-qi'zlar sawdasi' barg'an sayi'n h'a'wij almaqta. Son'g'i' yeki ji'l dawami'nda jergilikli politsiya Xebey provintsiyasi'nda tiri tovar si'pati'nda sati'p jiberilgen yaki urlang'an 3500 h'ayal-qi'z h'a'm balalardi' azat yetken. Ja'birleniwshiler tiykari'nan Qi'taydi'n' qon'si'lari' Mong'oliya, Arqa Koreya, Birma h'a'm Vetnam puxaralari'.*

*- Ni'zamsi'z adam sawdasi' menen gu'resiw agentligi 2009-ji'ldan berli politsiya menen birgelikte 429 sho'lkemlesken ji'nayi' topardi' pash etip, 556 ji'nayatshi' jazag'a tarti'lg'an- deydi Xebey provintsiyasi' ma'mleket qa'wipsizligi ken'esi ag'zasi' Yang Tse Li.*

*Shandun provintsiyasi' politsiyasi' jaqi'nda ja'ne bir usi'nday sho'lkemlesken ji'nayatshi'lar topari'ni'n' ji'nayati'n ashi'p tasladi'. Bul topar h'ayallardi' ni'zamsi'z uslap turg'an h'a'm perzent tuwi'p bergeni, waqti'nsha ana bolg'ani' ushi'n h'aqi' to'legen. Wolar h'a'r bir jan'a tuwi'lg'an ul bala ushi'n 50 mi'n' yuan, qi'z bala ushi'n bolsa 30 mi'n' yuang'a shekem pul to'lep kelgen.»*[1]

---

[1]// Erkin Qaraqalpaqstan. 6-dekabr. 2011-jıl. №147 (19141).

Qa’nigelerdin’ pikirinshe, onlayn tekstti woqi’w qag’azdag’i’ tekstti woqi’wg’a qarag’anda 50% a’ste aqi’ri’nli’q penen a’melge asi’ri’lar yeken, sonday-aq kompyuter ekrani’ qag’azg’a qarag’anda ko’zdi tez sharshatadi’. Sol sebepli, derlik barli’q woqi’wshi’lar ilaji’ bolsa qag’azda woqi’wdi’ maqul ko’redi h’a’m ko’pshilik veb-betlerindegi maqalalarg’a tek ko’z ju’girtip woni’, toli’q woqi’maydi’. Basqa ta’repten, onlayn maqalalar sonshelli ko’p, wolardi’n’ barli’g’i’n birme-bir woqi’p shi’g’i’wdi’n’ ilaji’ bolmag’anli’g’i’ ushi’n woqi’wshi’lar tek g’ana kerekli, si’patli’lari’n tan’lap aladi’. Sonli’qtan da baspaso’zde de inetrnet materiallari’nan paydalani’ladi’. Yekinshi jag’i’nan ali’p qarag’anda internette woqi’wshi’lardi’n’ qi’zi’g’i’wshi’li’g’i’n asi’ri’w h’a’m woqi’wlari’ ushi’n qolay maqalalar jazi’w ushi’n to’mendegi texnik a’mellerdi qollaw maqsetke muwapi’q boladi’.

Birinshiden, uzi’n maqala internet betlerinde shi’g’atug’i’n bolsa, mazmuni’na qaray bo’limlerge bo’liniwi h’a’m woni’n’ basi’nda «mazmuni’» ko’rsetiliwi kerek. Bul woqi’wshi’g’a maqalani’ woqi’w arqali’ qanday mag’li’wmatlardi’ ali’wdi’ ko’rsetip turadi’. Kishi rubrikalardi’ kishi ko’lemde jazg’an maqul, sebebi, psixologlardi’n’ pikirinshe u’lken h’a’ripte jazi’lg’an so’zlerdi woqi’wshi’lar bir qarawdan tani’wlari’ qi’yi’ni’raq boladi’.

Yekinshiden, paragrafler ju’da’ uzi’n bolmawi’ kerek. Ayi’ri’mlar onlayn maqalalardi’n’ paragrafinde wortasha 100 so’z boli’wi’ kerek dep yesaplaydi’. İlaji’ bari’nsha uzi’n ga’plerdi isletpegeni maqul. Sonday-aq, paragraflar arasi’nda bir qatar qaldi’ri’li’wi’ lazi’m, yag’ni’y gazetadag’i’ si’yaqli’ h’a’r bir paragraf abzatsdan yemes, bos qatardan keyin baslani’wi’ kerek. Bul bolsa woqi’wshi’ni’n’ maqalani’ aqi’ri’na deyin woqi’wi’na h’a’m oni’n’ ko’zi tez sharshap qalmawi’na ta’sir ko’rsetedi.

U’shinshiden, yeger maqala qa’legen pa’n yaki ilimiy bag’dar boyi’nsha bolmasa, wonda a’piwayi’raq so’zlerden paydalani’wi’ za’ru’r. Yag’ni’y, ayi’ri’m terminler birewlerge tu’siniksiz, ju’da’ ra’smiy qatarlar bolsa, ayi’ri’mlardi’ zeriktiriw mumkin. Ma’selen, ingliz tilindegi «Washington Post» (www.washingtonpost.com) gazetasi’ni’n’ internettegi versiyasi’nda beriletug’i’n

maqalalar siyasiy aktual temalardi’ jari’ti’wi’na qaramastan ju’da’ a’piwayi’ tilde jazi’ladi’. Sonday-aq, ta’biyiy maqalani’n’ jazi’li’w stili woni’n’ woqi’wshi’lari’ni’n’ kim boli’wi’na qarap da maslasi’wi’ mu’mkin (ma’selen, tek h’ayallar yaki yerkekler ushi’n).

To’rtinshiden, maqalani’, a’sirese qaraqalpaq tilinde jazi’lg’an bolsa, basi’p shi’g’ari’wdan aldi’n qa’telerin jaqsi’lap tekserip shi’g’i’w kerek. Tilekke qarsi’, bizde qaraqalpaq tilindegi tekstlerdi orfografikali’q ta’repten tekseretug’i’n programma joq. İnternetke qoyi’latug’i’n maqalalarda orfografiyali’q qa’teler ju’da’ ko’p ushi’raydi’. Ko’binese, bul jag’day klavichlari’ni’n’ naduri’s basi’li’p ketiwinen boladi’, bul si’yaqli’ qa’teler woqi’wshi’da «maqala puxta islenbesten, asi’g’i’s ta’rizde tayarlang’an» degen pikirdi keltirip shi’g’ari’wi’ mu’mkin.

Besinshiden, maqala ishindegi ayi’ri’m faktlerge baylani’sli’ bolg’an da’liyller internette bolsa gipertekst arqali’ baylani’sli’ boli’w lazi’m. Bul maqaladag’i’ keltirilgen faktlerdin’ isenimliligin asi’radi’.

Alti’nshi’dan, maqala aqi’ri’nda yaki basi’nda jazi’lg’an sa’nesi ko’rsetiliwi sha’rt, sonday-aq, maqalag’a tiyisli ayi’ri’m vizual elementlerden (tablitsa, suwret) paydalani’wda woqi’wshi’g’a maqalani’n’ ta’sirshen’ligin asi’radi’.

Maqala tayar bolg’annan son’ woni’n’ uli’wmali’q kontinentin to’mendegishe analiz yetip ko’riw maqsetke muwapi’q boladi’:

- teksttin’ tu’sinerli h’alda jazi’li’wi’;
- ideyani’n’ uli’wmali’g’i’ h’a’m so’zlerdin’ woni’ tuwri’ belgilep beriwi;
- bo’limlerdin’ logikali’q baylani’sli’li’g’i’;
- uli’wma teksttin’ jazi’li’w stilinin’ birdey yekenligi;
- woqi’wshi’ni’n’ itibari’n qaratatug’i’n temani’ tan’lawi’;
- juwmaqti’n’ woqi’wshi’ni’ qi’zi’qti’ra ali’wi’.

Solay yetip, internet ushi’n maqala tayarlawdi’n’ wo’zine ta’n bolg’an qa’siyetlerin ko’riwimiz mu’mkin. A’lbette, bul qa’siyetler da’stu’riy g’alaba xabar qurallari’ ushi’n jazi’lg’an maqaladan aji’rali’p turadi’.

## 2) İNTERNET-XABAR

Ha’r bir jurnalist bir material tayarlaw ushi’n internetten paydalang’anda, faktlerden, atamalardan h’a’m basqa da mag’li’wmatlardan paydalanadi’. Bul na’rse jurnalisttin’ jumi’si’n jen’illetedi, soni’n’ ushi’n jurnalist internetten mag’li’wmatlardi’ ali’wdi’n’ h’a’r qi’yli’ jollari’n biliwi kerek. Buni’n’ ushi’n internette izlew serverlerinen paydalani’w maqsetke muwapi’q keledi. İnternette h’a’r qi’yli’ tillerdegi izlew serverleri bar. İnternet resurslari’nda mag’li’wmat izlew ushi’n «Yandeks», «Rambler» serverlerinen paydalani’w mu’mkin.

Ha’zirgi waqi’tta wo’zbek yaki qaraqalpaq tilinde izleytug’i’n severler joq. Sol ushi’n mag’li’wmatlar wori’s tilinde izlengeni maqul keledi. İzlew sistemasi’na so’zlerdi kiritiwde to’mendegi qag’i’ydalarg’a itibar beriw talap yetiledi.

* İzlenip ati’rg’an so’zlerdin’ kishkene yaki u’lken h’a’rip berilgeni a’h’miyetli yemes.

* Toli’q frazani’ tabi’w ushi’n so’zlerdi ti’rnaqsha menen beriw maqsetke muwapi’q boladi’.

* «and» so’zi yaki + yeki gilt so’zlerdin’ wortasi’na qoyi’lsa, eki so’zde bar tekst payda boladi’.

* «not» yaki «-» yeki gilt so’zler qoyi’lsa, wonda yeki so’z de bolg’an tekst payda boladi’.

* «or» so’zi yeki gilt so’z ortasi’na qoyi’lsa yeki so’z bolg’an tekst payda boladi’

* «near» so’zi yeki gilt so’zdin’ wortasi’na qoyi’lsa yeki so’z de bir jerde ushi’rasatug’i’n tekstler payda boladi’

* «*» belgisi belgisiz so’z yaki h’a’rip orni’na qoyi’ladi’. Mi’sali’: «o’zbek *» dep izlense «WO’zbekstan», «wo’zbekshe « degen so’zler tabi’ladi’.

* Bas h’a’riplerde izlense wonda tek bas h’a’ripler menen so’zler tabi’ladi’. Mi’sali’, «Kompyuter» ko’rinisinde izlense, wonda Kompyuter so’zleri bolg’an tekstler tabi’ladi’.

A’dette internetten ku’ndelikli wo’mirinde paydalani’p ju’rgen adamlar wo’zlerine kerekli veb-saytlardi’ belgilep aladi’. Ma’selen, jan’ali’qlardi’ woqi’w ushi’n bir saytti’ belgilep ali’w, yeger kerek bolsa, sog’an usag’an saytlardi’ sali’sti’ri’p tawi’p qoyi’w maqsetke muwapi’q boladi’.

Lekin internetten ali’ng’an barli’q mag’li’wmatlarg’a da toli’q tu’rde iseniwge bolmaydi’. Soni’n’ ushi’n informatsiya jetkerip beretug’i’n saytlar mag’li’wmatlardi’ analizlep, obektiv ta’rizde bergeni maqul keledi. İnternetten paydalani’wshi’lar informatsiyani’n’ qaysi’ sayttan ali’ng’anli’g’i’na itibar beriwi kerek. Mi’sali’, Bi-bi-si, Si-en-en yaki Reyter informatsiyali’q agentlikler saytlari’ qa’te informatsiya beriwden awlaq. Sol ushi’n bul saytlardi’n’ mag’li’wmatlari’n isenimli dep ayti’wg’a boladi’.

AQShti’n’ «Forbs» jurnali’ni’n’ (forbes.com) mag’li’wmatlari’na qarag’anda soraw-juwap wo’tkerilgende wonda qatnasqanlardi’n’ 52,8% internettegi mag’li’wmatti’ ani’q dep atap wo’tken. Wolardi’n’ 60,5% global tarmaqti’n’ mag’li’wmatlari’n tiykarg’i’ derek si’pati’nda ali’p qarawg’a boladi’ dep atap wo’tken. Lekin, bul soraw-juwaplardi’ izertlegen ekspertlerdin’ pikirinshe adamlar internetke qansha ko’p waqi’ti’n sarplasa, sonsha isenimin jog’altar yeken.

Ku’ndelikli tu’rde jan’ali’qlardi’ baqlap ju’rgen adam informatsiyani’n’ ani’q yaki ani’q yemes yekenin tez bilip aladi’. Bu’gingi ku’ni jergilikli g’alaba xabar qurallari’ wo’z regioni’ni’n’ wo’zgesheliklerinen kelip shi’g’i’p informatsiya beriwge h’a’reket yetedi. Ra’smiy yaki jeke saytlardi’n’ tiykarg’i’ bo’legi waqi’ya yaki h’a’diyselerdi a’dil bah’alamaydi’. Paydalani’wshi’lardi’ qi’zi’qti’rg’an mag’li’wmatdlardi’n’ isenimliligin tekseriwge to’mendegishe jantasi’w kerek:

- Birdey mag’li’wmatlardi’ h’a’r qi’yli’ da’rekler menen sali’sti’ri’w;
- Avtordi’n’ kim yekendigin ani’qlaw;
- Materialdi’ basi’p shi’g’arg’an sayt penen baylani’si’w;
- Materialda keltirilgen waqi’tti’ jazi’lg’an waqti’ menen sali’sti’ri’w h’.t.b.

Ra’smiy patentli mag’li’wmatlar isenimli yesaplanadi’. Patent – ani’q bir wo’nimdi islep shi’g’ari’w, belgili waqi’t ishinde wonnan paydalani’w, yaki bir

adamni'n' wonnan paydalani'wi'na jol qoymaytug'i'n h'u'jjet. Baspaso'zdegi internetten ali'p ja'riyalang'an xabarlardi'n' barli'g'i' usi'nday talaplarg'a juwap beriwleri kerek.

Wolardi'n' ayri'mlari'n mi'sal etip keltirip o'tsek:

Respublikali'q «Erkin Qaraqalpaqstan» gazetasi'nda «İnternet sport» rubrikasi' menen internet xabarlari' berilip bari'ladi'. Mi'sali':

***Xokkeyshilerdi eslew keshesi***

*Yaroslavlde 7-sentyabrde aviakatastrofag'a ushi'rag'an «Lokomativ» klubi' xokkeyshilerin eslew keshesi boli'p wo'tti, dep xabarlaydi' RİA novosti.*

*Yekshembi ku'ni apatshi'li'qti'n' 40 ku'nligi belgilengen bul ma'resimge du'nyani'n' h'a'r qi'yli' yellerinen marh'um xokkeyshilerdin' tuwg'an-tuwi'sqanlari' qatnasti'. Keshe qatnasi'wshi'lari' da'slep Uspenskiy sobori'na ji'ynaldi', son' wolar xokkeyshiler jerlengen Leontevskiy qoyi'mshi'li'g'i'nda boldi'. Ma'resimnin' son'i'nda qatnasi'wshi'lar «Arena» muz sarayi'na toplani'p, marh'umlardi' yeske tu'sirdi.*

*Aviaapatshi'li'qtan tiri qalg'an samolët injenerii Aleksandr Sizovti'n' jag'dayi' kem-kemnen jaqsi'lanbaqta, delinedi xabarda.*

Ja'ne bir mi'sal.

***Serbiya trenersiz qaldi'***

*Serbiya saylandi' komandasi'ni'n' bas treneri Vladimir Petroviya wo'z lawazi'mi'nan ketiwge qarar etti, dep ma'lim etedi ma'mleket futbol awqami'ni'n' ra'smiy sayti'. «Evro-2012» turnirinin' tan'lap ali'w woyi'nlari'nda serbiyali' futbolshi'lardi'n' sa'tsiz qatnasi'wi' bug'an sebep yetip ko'rsetilmekte.*

*Petrovichtin' qol asti'nda «S» topari'nda h'a'reket yetken Serbiya saylandi' komandasi' turnir juwmag'i'nda u'shinshi wori'ndi' iyeledi h'a'm Evropa chempionati'ni'n' finalli'q basqi'shi'na jollama ala almadi'.*

*Aldi'n Qi'tay saylandi' komandasi'na ustazli'q yetken Vladimir Petroviya Serbiya futbol awqami'ni'n' isenimin aqlay almadi'. Woni'n' worni'n kim iyeleytug'i'ni' h'a'zirshe belgisiz»*[1].

Bunday internet xabardi' h'a'r dayi'm baspaso'zge jurnalist S.Ja'niev tayarlap baradi'.

## 3) İNTERNET-MAG'LI'WMAT

İnternetti global g'alaba xabar qurali' dep atasaq asi'ra aytqan bolmaymi'z. Sebebi, ma'limleme – izlew sistemasi'na kiriw arqali', qa'legen bilim tarawi' boyi'nsha mag'li'wmat ali'w mu'mkin. Ha'zirgi zaman baspaso'zi bul usi'ldan wo'nimli paydalanbaqta.

İnternette kerekli mag'li'wmatti' izlew ushi'n u'lken bilim tarawlari'na bo'linip, basqi'shpa-basqi'sh bo'limlerge, bo'limshelerge bo'lingen kataloglar ju'da' qolayli'. Olarda ma'limleme klassifikatsiyasi' Universal wonli'q klassifikatsiya tiykari'na sali'ng'an printsip boyi'nsha du'ziledi. Bul sistemada (woni'n' ishinde de, h'a'rqi'yli' serverler h'a'm saytlarda da) wonlap ma'limleme agentlikleri, baspa basi'li'mlardi'n' elektron versiyalari' h'a'm elektron (tarmaq) gazeta h'a'm jurnallar jumi's ali'p baradi'.

Xabar agentlikleri, ma'selen İTAR-TAS, İnterfaks, «RİA Novosti» h'a'm basqalar İnternette wo'z serverlerine iye. Lekin, tek tarmaqli'q bolg'an agentliklerde bar. Wolardi'n' biri – NSN (Milliy jan'ali'qlar xi'zmeti, yamasa NNS-Nasional news service) 1994-ji'ldan baslap h'a'reket yetpekte h'a'm rawajlang'an wo'z xabarshi'lar tarmag'i'na iye. Agentlik turaqli' tu'rde analitikali'q janrlardag'i' maqalalar toplamlari'n shi'g'aradi'. Bul maqalalar joqari' teoriyali'q h'a'm publitsistlikali'q da'rejede jazi'lg'an.

Rossiyani'n' iri ma'limleme – izlew sistemalari'nda, bular Rambler, Russia on the Net, Press Net, Jeo communication – ko'plegen gazetalar, jurnallar, da'wirli

---

[1] // Erkin Qaraqalpaqstan. 18-noyabr. 2011-jıl. №125 (19119).

toplamlar, sonday-aq, G’MDA ellerinin’ basi’li’mlari’ni’n’ elektron versiyasi’ jaylasti’ri’lg’an.

Original tarmaqli’q basi’li’mlardan «Russkiy jurnal», Zhurnal. RU. N.J.M.D. (Nazvanie jelayushie mogut dodumat, yag’ni’y Qa’lewshiler Atamasi’n Qosi’msha Oylap Tabi’wi’ Mu’mkin), Peterburgtin’ DUXNET basi’li’mi’. Bulardi’n’ ba’ri bir waqi’tti’n’ ishinde do’retilgen.

Barli’q ka’siplik talaplarg’a juwap beretug’i’n, tarmaqli’q g’alaba xabar qurallari’ jan’a tu’ri wa’kilin – Gazeta RU.di’ atap o’tiw ori’nli’.

Bizin’ respublikali’q balalar gazetasi’ bolg’an «Jetkinshek» gazetasi’nda, jaslar gazetasi’ bolg’an «Qarqalpaqstan jaslari’»nda, qalali’q gazeta esaplang’an «No’kis h’aqi’yqati’»nda bir qatar qi’zi’qli’ internet mag’li’wmatlari’ ja’riyalani’p bari’ladi’. Olardan mi’sallar kltirip o’temiz.

### ***Ja’h’a’n tilleri h’aqqi’nda mag’li’wmatlar***

*Du’nya xali’qlari’ tu’rli tillerde so’ylesedi. Biraq pa’n ani’qli’qti’ talap etedi. Sonli’qtan tilshiler tiller sani’n waqti’-waqti’ esaplap turadi’ h’a’m wolardi’ ja’riya etedi. Kelin’, wolardi’n’ ayi’ri’mlari’ menen sizlerdi tani’sti’rsam.*

*Jer ju’zinde ja’mi 5621 til h’a’m dialektler bar boli’p, bu’gingi ku’nge shekem wolardi’n’ tek g’ana 500ge jaqi’ni’ u’yrenilgen. Ha’r u’sh tilden birinin’ jazi’wi’ bolmay, wolardi’n’ tek awi’zeki tili bar.*

*Ja’h’a’ndegi 1400 til jog’ali’p ketiw aldi’nda. Du’nyadag’i’ 40 qa jaqi’n tildin’ tek awi’zeki h’a’m jazba formalari’ boyi’nsha quramali’ dep yesaplanadi’.*

### ***En’ bay tiller***

*Du’nya ju’zinde so’zlik qori’ ta’repinen en’ bay tiller arab h’a’m ingliz tilleri yesaplanadi’. İngliz tilinde 2 500 000 (yeki yari’m million) nan arti’q so’z bar bolsa, arab tilinde 3 500 000 (u’sh yari’m million) nan arti’q so’z bar yeken.*

*Tilshilerdin’ mag’li’wmatlari’na qarag’anda qaysi’ tilde sinonim so’zler ko’p bolsa – yen’ bay, al, qaysi’ tilde omonim so’zler ko’p bolsa – yen’ jarli’ til esaplanar yeken. Ma’selen, arqa yari’m sharda jasawshi’ eskimos qa’wimine*

*tiyisli «qar» so'zinin' jigirma tu'ri bar bolsa, arab tilindegi «sho'l» so'zinin' ju'zden arti'q sinonimleri bar. Sinonim so'zlerge en' bay til bul – arab tili.*

### *Bir kisilik til*

*Du'nya boylap ingliz, rus, nemis, arab h'a'm ispan tillerinde so'ylesetug'i'n insanlardi'n' sani' ku'nnen-ku'nge o'sip barmaqta. Biraq, ayri'm tiller woni' qollani'wshi'lardi'n' sani'ni'n' azayi'wi'na baylani'sli' joq boli'p ketiwi mu'mkin. Ma'selen, yen' az adam so'ylesetug'i'n til bul – bikya tili esaplanadi'. Bul Afrika materiginin' Kamerun h'a'm Nigeriya ma'mleketleri arali'g'i'nda jaylasqan awi'lda jasawshi' 87 jasli' kempirge g'ana tiyisli. Susami tilinen bolsa Miroviya wa'layati'nda jasawshi' yeki shan'araq ag'zalari' bir – birlerinen h'al – ah'wal sorasi'w ushi'n paydalanadi'.*

*Latviyada ja'ne sonday bir til bar, woni' tek 200ge jaqi'n adam tu'sinedi. Bul-livon tili. Al, jan'a Gvineyada 4 million xali'q jasaytug'i'n bolsa, wolar 800 tilde sa'wbetlesedi.*

### *«O'li» tiller*

*Du'nya ju'zinde ken' paydalani'wdan shi'g'i'p qalg'an h'a'm de jog'ali'p ketken tiller ju'da' ko'p. Wolardi' tilshiler «wo'li» tiller dep ataydi'. Woni'n' yeki tu'ri bar, yag'ni'y jazba tilge iye bolg'an «wo'li» tiller h'a'm awi'zeki so'ylew tili bar bolg'an «wo'li» tiller.*

*Wo'li tillerden yekewi h'a'zirde ju'da' belgili. Wolardi'n' biri Hindistandag'i' sanskrit tili bolsa, yekinshisi zamanago'y meditsina xi'zmetkerleri ken' qollanatug'i'n lati'n tili esaplanadi'.*

*Wo'li tiller qatari'na yeski Qi'tay h'a'm ingliz tillerinde kirgiziw mu'mkin. Sebebi, bu'gingi ku'nde usi' yeki tilde jazi'lg'an shi'g'armalardi' tu'sinetug'i'n adamlar derlik joq. Eski Qi'tay tilindegi dereklerdi adamlardi'n' tu'sinbewine sebep, olar erami'zdan aldi'ng'i' uzaq wo'tmishke bari'p taqaladi'. Biraq XVI a'sirdin' aqi'rlari' XVII a'sirdin' wortalari'nda jasap wo'tken ulli' ingliz*

*jazi'wshi'si' Uilyam Shekspidin' tilin bu'gingi ku'nide inglizler tiykarg'i' dereklerden woqi'p tu'sinbewi da'liyllengen.*

## ***Yen' ko'p til biliwshiler***

*Zamanago'y til iliminde yeki yamasa onnan da arti'q tillerdi biliwshi adamlardi' «poliglot» dep ataydi'.*

*Worayli'q Aziyani'n' Xorezm qalasi'nan bolg'an ali'm Abu Rayh'an Muh'ammed ibn Axmad al-Beruniy (973-1048jj.) 150 tildi biliw menen bir qatarda, qollani'wdan shi'g'i'p qalg'an yag'ni'y «wo'li» esaplang'an 20g'a jaqi'n tildi wo'z shi'g'armalari'n jazi'wda ken' paydalang'an.*

*Worta Aziyali' ja'ne bir ali'm Abu Nasr al-Farabiy 100 den arti'q tillerdi jaqsi' bilgen. Du'nyag'a belgili ta'wip, ulli' muzi'kant, filosof h'a'm fiziolog Abu Ali ibn Sino – arab, parsi', tu'rk, lati'n h'a'm sog'di' tillerinin' bilimdani' bolg'an.*

*Yen' ko'p taralg'an til qaysi' dep soralg'anda, Siz, a'lbette:*

*- qi'tay tili, – dep juwap bersen'iz kerek. Duri's, Qi'tayda 1 yari'm milliard xali'q jasaydi' h'a'm wolar qi'tay tilinde so'yesedi. Degen menen, bul yen' ken' tarqalg'an til degen so'z emes. Mag'li'wmatlar soni' tasti'yqlaydi' du'nya ju'zi boyli'p yen' ken' tarqalg'an til qi'tay tili emes, al, ispan tili eken. Buni'n' tiykarg'i' sebepshileri ulli' sayaxatshi'lar eken.*

## ***Qaysi' tildi u'yreniw an'sati'raq?***

*A'lbette, bul soraw ba'rsheni oylandi'rsa kerek. Bul ingliz tili eken. Sebebi, ingliz tilinin' so'zlik qurami' h'a'm ga'plerinin' qurami'n u'yreniw an'sat. Biraq, ingliz tilinin' jazi'wi' h'a'm ayti'li'wi' tek g'ana shet ellilerdi emes ba'lki, inglizlerdin' wo'zlerinde qi'ynaydi' eken.*

*Du'nyadag'a yen' uzi'n a'lipbe Kambodja ma'mleketine tiyisli boli'p, wonda 74 h'a'rip bar*[1].

---

[1] //Jetkinshek. 12-may, 2010-jıl.

Ja’ne de mi’sallar keltirip wo’temiz:

*Du’nyadag’i’ yen’ u’lken san buddaviylerdin’ ASANKXEYA sani’ boli’p, wog’an «1» den keyin 140 «nol» jalg’anadi’. Bul so’zdin’ wo’zi bolsa, «san-sanaqsi’z, sheksiz» degen ma’nini an’latadi’ h’a’m bul sanlar ishindegi yen’ rekordshi’si’ esaplanadi’. Yekinshi wori’nda GUGOL sani’ turadi’. Bul sandi’ jazi’w ushi’n «1» den keyin 100 «nol» qoyi’ladi’. Buni’ 1838-ji’li’ Amerikali’ matematik Edvar Kasner woylap tapqan.*

***

*Amerikada du’nyadag’i’ yen’ biyik terekler wo’sedi. Wolar «Koliforniya sekvoyalari’» dep ataladi’. Wolardi’n’ uzi’nli’g’i’ 100 metrden arti’q boli’p, bul 30 qabatli’ jaydan da joqari’ degendi an’latadi’*[2]*.*

***

***Ba’h’a’r***

*Bul ma’wsimde tuwi’lg’an insanlar wo’zine jarasa shi’rayg’a iye, wo’zine bolg’an isenimi ku’shli boladi’. Adamlar arasi’nda u’lken abi’royg’a iye. Basqalardan aji’rali’p turi’wdi’ qa’leydi. Aynani’n’ aldi’nda saatlap turadi’. Wolardi’n’ yeslew qa’bileti ju’da’ ku’shli, basqalardan wo’jetligi menen aji’raladi’. Jumi’sta miynetkesh boladi’. Keleshekte wolar wo’z ka’sibin su’yiwshi, wolardan a’jayi’p shayi’rlar, sawdagerler, siyasatshi’lar boli’p jetilisip shi’g’adi’.*

***Jaz***

*Jazda tuwi’lg’anlar ashi’wshaq, biraq jumi’si’n puxta isleydi. Kek saqlawda wolarg’a ten’ keletug’i’ni’ joq, bul olardi’n’ kemshiligi. Wolar i’ssi’da tuwi’lg’anli’g’i’ ushi’n yerinshekligi bar. Baslag’an isin aqi’ri’na jetkermegenshe ti’nbaydi’. Qa’biletli bolg’anli’g’i’ ushi’n, ko’pshiligi basli’q lawazi’mi’nda isleydi.*

***Gu’z***

*Bul ma’wsimde tuwi’lg’anlar «Yesapli’ dos ayi’ri’lmas degen» su’renge a’mel qi’ladi’. Wolar woylamay is qi’lmaydi’. Ha’r bir jumi’sta abayli’ boladi’. Wolar yesap-kitapti’ jaqsi’ ko’redi. Jumi’slari’n a’stelik penen joqari’laydi’.*

***Qi’s***

---

[2] //Karaqalpaqstan jaslar?. 21-mart, 2009-j?.

*Bul ma'wsimde tuwi'lg'anlar insanlar ani'q bir maqsetti go'lzeydi. Ju'da' sabi'rli'. Ju'da' qatti'qolli'g'i' menen basqalardan aji'rali'p turadi'. Wolardan keleshekte ulli' insanlar jetilisip shi'g'adi'. Ju'da' miynetkesh. Su'wretti meh'ir menen jaqsi' saladi'.*[1]

Qullasi', baspaso'zde internet-mag'li'wmatlar ko'plep ushi'rasi'p, wolar tematikasi', mazmuni' boyi'nsha h'a'r tu'rli.

---

1 //Karaqalpaqstan jaslar?. 18-may, 2010-j?l.

# III BAP
# BASPASO'ZDEGİ İNTERNET MATERİALLARI'NI'N' JANRLI'Q WO'ZGEShELİKLERİ

İnternet jurnalistikasi'nda yen' ko'p ushi'rasatug'i'n janrlar topari'na toqtali'p, woni'n' wo'zine ta'n bolg'an qa'siyetlerine qi'sqasha toqtap wo'temiz.

**Xabar**. İnternette xabar janri' ken' tarqalg'an h'a'm jiye qollani'latug'i'n yen' operativ tu'ri boli'p tabi'ladi'. Yeger ja'miyetshilikte u'lken qi'zi'g'i'wshi'li'q woyatatug'i'n a'h'miyetli yaki ku'tilmegen ji'ynali's bolatug'i'n bolsa, wonda saytda jan'ali'qka arnalg'an rubrika berilip, wol h'aqqi'nda h'a'r saat sayi'n jan'a mag'li'wmatlar berilip bari'ladi'. Sayi'tqa bul jan'ali'q h'aqqi'ndag'i' xabardi' tek qurg'aq g'ana kirgizip qoymastan, wog'an qosi'msha h'a'r ta'repleme pikirler, ko'rinisler h'a'm qosi'msha mag'li'wmatlarda beriledi[1].

Ayi'ri'm saytlarda jan'ali'qlarg'a bag'i'shlang'an arnawli' rubrikalar birneshe bo'limlerdin' birinde faktler berilse, ekinshisinde kartina, u'shinshisinde sholi'w beriledi. Al, to'rtinshi bo'liminde bolsa, analiz h'a'm boljawlar beriledi.

**Jan'ali'q yamasa reportaj.** Bul janrda baslaw qi'yi'n, biraq bazi'da tosattan a'wmet ku'lip bag'adi'. Tek g'ana bir jerge basqalardan buri'ni'raq jetip bari'w h'a'm basqalardan ko'birek na'rse bilip ali'w za'ru'r. Lekin, soni' umi'tpaw kerek, tarmaqli'q jurnalistikani'n' arti'qmashli'qlari' bul jerde derlik h'esh qanday rol oynamaydi' (eger ga'p «tarmaqli'q» h'a'diyse h'aqqi'nda barmasa), iri xabar agentlikleri menen bu'gingi ku'nde ba'sekilesiw paydasi'z. Reportërdi'n' jumi'si'ni'n' ja'ne bir wo'zgesheligi, wol ti'ni'msi'z h'a'reket etiwi kerek.

**İntervyu.** İnternet, Usenet jan'ali'qlar topari' h'a'm elektron pochta intervyu ali'w ushi'n ken' imkaniyatlar ashi'p beredi. Siz intervyu beriwshige juwaplardi' g'ana jazi'p qoymastan, sorawlardi' da wo'zi jazi'wi'n usi'ni's etiwin'iz mu'mkin. Ha'r qanday jag'dayda da, teksttin' burmalani'wi'na uli'wma jol qoyi'lmawi' tiyis, bolmasa intervyu birinshisi h'a'm aqi'rg'i'si' boli'wi' mu'mkin.

---

1 Skott E. Kompyuternɤe texnologii v jurnalistike. – M.: Nauka. 1999. – S. 28.

Bul janrdi’ tan’lag’an jurnalist wo’z potentsialli’q respondentinin’ elektron ma’nzilin izlewde, sonday-aq, da’l wo’zinin’ «dana» sorawlari’na juwap beriwge woni’ ko’ndiriwde qi’yi’nshi’li’qlarg’a ushi’rawi’ mu’mkin. Bul tarawdag’i’ jan’a adam ushi’n yen’ basli’ mashqala – woni’n’ ati’ yele tani’lmag’anli’g’i’. Woni’n’ worni’na basqa jurnalist tan’lani’wi’ mu’mkin.

**Ko’z – qaras (pikir).** Bul yendi jumi’s baslap ati’rg’an jurnalist ushi’n yen’ qolayli’ janr. Barli’q waqi’tta wo’z pikirin’e iye boli’w kerek. Yeger bul pikir wo’zin’nen basqa birewler ushi’nda qi’zi’qli’ bolsa, ju’da’ jaqsi’. Bul ma’selege aydi’nli’q kirgiziw ushi’n wo’z pikirin’izdi tematikag’a sa’ykes keletug’i’n forumda yamasa jan’ali’qlar topari’nda bildiriwin’iz mu’mkin. Yeger jan’a adam ko’zge tu’sse h’a’m wog’an si’n-pikir bildirilse – isti dawam yettiriwge boladi’. Yeger u’nsizlik bolsa, demek, qi’zi’qli’ maqala shi’qpaydi’.

Uli’wma alg’anda, h’a’rqanday dana pikirdin’ ta’repdarlari’da, qarsi’laslari’da boladi’. Yen’ jaqsi’si’ 50% ke 50%. Yeger bildirgen pikirin’iz ko’pshiliktin’ pikirine sa’ykes bolsa – wo’zgeriwin’iz kerek, yamasa jurnalistika h’aqqi’nda umi’ti’n’.

**Analitikali’q maqala (sholi’w, ocherk).** Ma’sele boyi’nsha toli’q mag’li’wmatqa iye bolg’an jag’dayda bul jaqsi’ baslama. İzlew sistemalari’nda ko’p ter to’gip jumi’s islewge, son’i’nan ko’p ko’lemdegi mag’li’wmatlardi’ wo’zin’iz arqali’ wo’tkerip, ko’rip shi’g’i’wg’a tuwra keledi.

Material tayi’n bolg’annan son’ woni’ redaktsiyag’a jiberip, juwabi’n ku’tiw kerek boladi’. Bir waqi’tti’n’ ishinde h’a’r redaktsiyag’a jiberiw usi’ni’s etilmeydi. Sebebi, eger material bir neshe redaktsiyada bir waqi’tta qabi’l etilse, siz qolaysi’z jag’dayda qali’wi’n’i’z mu’mkin. Lekin, bul jag’daydi’ yen’ u’lken qolaysi’zli’q dep ayti’p bolmaydi’.

On-layn jurnalistika wo’z spetsifikasi’na qaramastan jurnalistika, yag’ni’y ja’miyetlik pikir h’a’m sana-sezimge ta’sir etiw usi’li’ boli’p qaladi’. Wo’z maqalasi’ predmeti h’aqqi’nda jeke emotsional pikirge iye bolmag’an jurnalistti ko’z aldi’mi’zg’a keltiriw qi’yi’n. Ha’tte agentlikler ta’repinen beriletug’i’n «taza» mag’li’wmat tendentsiyali’, yag’ni’y da’stu’riy boladi’. Ocherk yamasa

analitikali’q sholi’w usag’an janrlar h’aqqi’nda aytpasa da boladi’. Bu’gingi demokratiyali’q puqarali’q ja’miyetti qa’liplestiriw bari’si’nda barati’rg’an ja’miyetimizde jurnalisttin’ juwapkershilik da’rejesi ku’ta’ u’lken. Mi’n’lag’an yamasa won mi’n’lag’an woqi’wshi’lardi’n’ sana-sezimine jetkerilgen, abaysi’z ayti’lg’an ga’p yamasa woylanbay berilgen bah’ani’n’ aqi’betleri ayti’p bolmas da’rejede boli’wi’ mu’mkin. Bul jerde tema da, maqalani’n’ a’h’miyetsizligi de a’h’miyetli emes. Bir g’ana woqi’rmanni’n’ keypiyati’ buzi’li’wi’ yamasa wori’nsi’z ta’shwishleniwi – bul unamsi’z na’tiyje boli’p tabi’ladi’ h’a’m avtordi’n’ wo’zine yen’ qolaysi’z payi’tta qayti’p aylani’p keliwi mu’mkin.

**Sotsiologiyali’q rezyume.** İnternet jurnalistikasi’nda «Sotsiologiyali’q rezyume» dep belgilengen janrdi’ belsene paydalani’wdi’n’ tiykarg’i’ sebebi son’g’i’ won ji’lli’qlarda siyasiy turmi’sti’n’ kuta’ h’a’wij ali’wi’, woni’n’ xali’qtan soraw-juwap, intervyuler ali’w, anketa wo’tkeriw menen birlikte wo’tiwi boldi’. Sotsiologiyali’q rezyume qandayda bir sotsiologiyali’q izertlewlerdin’ juwmaqlari’n qi’sqa bayanlawdan ibarat boladi’. A’dette rezyume avtorlari’ woni’ toli’q ko’rsetpey, qi’sqasha yetip aladi’[1]. Usi’nday tu’rdegi materiallarda analitikali’q negiz ba’rinen buri’n izertlewlerdin’ mazmuni’ menen ta’miyinlenedi, al wolardi’n’ shi’nli’qti’ tallawg’a bag’darlang’ani’ tusinikli. Bunnan ti’sqari’, rezyume avtori’ wolardi’ izertlewlerde bayanlang’an izbe-izlikte g’ana yemes, al belgili da’rejede basqada sotsiologiyali’q mag’li’wmatlardi’ sali’sti’ri’p, wolarg’a qosi’msha tu’sinik berip ja’riyalawi’ mumkin. Bul rezyumede sa’wlelendirgen predmetti analitikali’q an’lap jetiwdin’ basqi’shlari’nan biri boli’p h’a’reket yetedi.

**Anketa**. Onlayn jurnalistikasi’nda informatsiya ji’ynaw, baqlaw, intervyu ali’w, soraw-juwap h’a’m basqada usi’llar menen bir qatarda anketa wo’tkeriw usi’li’da paydalani’ladi’. Bul usi’l jurnalistikag’a sotsiologiyani’n’ tiykari’nda kirip keldi h’a’m belgili bir sorawlar boyi’nsha adamlardi’n’ ken’ topari’nan mag’li’wmatlar ali’w ushi’n qollani’ladi’. Anketa mag’li’wmatlari’n qayta islep shi’g’i’w na’tiyjesinde wo’zine ta’n belgilerine iye, wolardi’ wo’z aldi’na janrli’q toparg’a birlestiriwge mumkinshilik beretug’i’n materiallar do’retiledi.

---

[1] Kroychik L.E. Sistema jurnalistskix janrov / Osnov? tvorcheskoy deyatelnosti jurnalista: Uchebnik. — SPb., 2000. — S. 4,125,139.

Bul janrdi’n’ atamasi’ tiykarg’i’ janr do’retiwshi faktor boli’p h’a’reket yetetug’i’n ma’limleme ali’w usi’li’ni’n’ atamasi’nan qurali’wi’ mumkin. Basqasha aytqanda, bul janr wolda tiyisli usi’ldi’n’ atamasi’nan wo’z atamasi’n alg’an «intervyu» janri’ni’n’ u’lgisi boyi’nsha «anketa» dep atali’wi’ mumkin.

Anketa wo’tkeriw jurnalistke aytarli’qtay quramali’ h’a’m h’a’r qi’yli’ material beredi. Woni’n’ bunday si’pati’ kem degende yeki jag’day menen tu’sindiriledi. Birinshiden, anketa, a’dette, anketa ali’ni’wshi’lardi’n’ di’qqat worayi’nda bolg’an qubi’li’sti’n’ anaw yamasa mi’naw ta’replerin ani’qlawg’a bag’darlang’an aytarli’qtay ko’p ja’ne h’a’r qi’yli’ bolg’an sorawlardi’ wo’z ishine aladi’. Bunda anketa wo’tkeriwdi sho’lkemlestiriwshini (yamasa jurnalistti) predmettin’ wo’zinin’ si’patlamasi’da (yag’ni’y predmettin’ mazmun-ma’nisi, woni’n’ san h’a’m sapa si’patlamalari’), sonday-aq anketa wo’tkerilip ati’rg’an adamlardi’n’ wolar qarap shi’g’i’p ati’rg’an predmetke qatnasi’ qi’zi’qti’ri’wi’ mumkin.

Yekinshiden, veb saytlar arqali’ anketa wo’tkeriw na’tiyjesinde jurnalist h’a’r bir, geyde wonlag’an sorawlarg’a ko’plegen juwaplar aladi’. Juwmag’i’nda h’a’r qi’yli’ bolg’an u’lken ko’lemdegi ma’limleme do’retiledi, wol ta’rtiplestiriwdi talap etedi. Atap aytqanda usi’ ta’rtiplestiriw bari’si’nda mazmuni’ h’a’m strukturasi’ boyi’nsha original bolg’an ani’q bir jurnalistlik shi’g’arma payda boladi’.

**Monitoring.** İnternet veb-saytlari’nda «monitoring» rubrikasi’nda shi’g’i’p ati’rg’an materiallar wo’z atamasi’n, h’a’zirgi waqi’tta ja’miyette boli’p ati’rg’an protsesslerdi u’yreniwde belsendilik penen paydalani’latug’i’n usi’ atamadag’i’ sotsiologiyali’q izertlewler tu’rinen alg’an. Monitoring dep qandayda bir qubi’li’sti’ belgili da’rejede «baqlap bari’w», belgili bir jumi’s salasi’ndag’i’ parametrlerdi sistemali’ tu’rde qaytalani’p turatug’i’n «wo’lshewler» ataladi’. Monitoringnin’ predmeti si’pati’nda tikkeley izertlew payti’ndag’i’ h’a’r qi’yli’ qubi’li’slardi’n’ ani’q si’patlamasi’ (wolardi’ tan’lap ali’w monitoringnin’ maqsetine baylani’sli’ boladi’) h’a’reket yetedi.

Monitoring bari’si’nda h’a’r qi’yli’ usi’llar, a’sirese statistikali’q usi’llar, kontent-analiz (ma’selen, belgili bir waqi’t ishinde qandayda bir gazeta betlerinde belgili bir siyasatshi’ni’n’ ismi neshe ret jazi’lg’ani’ yesaplap shi’g’i’ladi’) h’a’m t.b. usi’llari’ qollani’ladi’. Monitoring qandayda bir qubi’li’sti’, ba’rinen buri’n usi’ qubi’li’sti’n’ h’a’zirgi payi’tta rawajlani’w tendentsiyasi’n ani’qlaytug’i’n statistikali’q mag’li’wmatlardi’n’ ji’ynag’i’ tu’rinde ko’riw mumkinshiligin beredi. Predmettin’ usi’ atap ko’rsetilgen wo’zgeshelikleri, maqsetleri, materiallardi’ tayarlag’anda h’aqi’yqatli’qti’ sa’wlelendiriw usi’llari’ «monitoring» tu’sinigi menen ani’qlani’p, İnternet jurnalistikasi’ni’n’ wo’z aldi’na janri’ si’pati’nda usi’ materiallardi’n’ xarakterin belgileydi.

**Reyting**. Bul janrdi’n’ atamasi’ «rating» inglis so’zinen kelip shi’qqan boli’p, wol «bah’a beriw», «klassifikatsiya» degendi an’latadi’. Reyting janri’na kirgiziletug’i’n internet materiallari’ni’n’ wo’z betinsheligin ani’qlaytug’i’n tiykarg’i’ janr do’retiwshi faktor boli’p maqsetli ko’rsetpe h’a’reket yetedi. Bunday tu’rdegi materiallardi’n’ maqseti qandayda bir belgisi boyi’nsha bir-birine uqsas qubi’li’slardi’n’ da’rejesin ani’qlawdi’ a’melge asi’ri’wdan ibarat boladi’. Bul maqsetke ba’rinen buri’n uqsasli’q h’a’m sali’sti’ri’w usi’llari’n qollani’w arqali’ yerisiledi. Wolarg’a baylani’sli’ reyting du’ziletug’i’n qubi’li’slar jumi’sti’n’ h’a’r qi’yli’ salalari’na ekonomikag’a, finansqa, siyasatqa, ma’deniy turmi’sqa, sportqa h’a’m tag’i’ basqalarg’a tiyisli boladi’. Reytingler qa’nigelestirilgen, sonday-aq ja’miyetlik-siyasiy basi’li’mlardi’n’ saytlari’nda jiyi ja’riyalani’p bari’ladi’. Wolardi’ qag’az gazeta h’a’m jurnallar betlerinde, da’stu’riy teleko’rsetiwler h’a’m radio yesittiriwlerde de ushi’rati’w mumkin.

Bunday janrdi’n’ İnternet sistemasi’nda ken’ tarali’wi’ onlayn g’alaba xabar qurallari’ auditoriyasi’ni’n’ wo’zleri ushi’n a’h’miyetli bolg’an anaw yamasa mi’naw salada bu’gingi ku’ni kimler alda turg’ani’n, barati’rg’ani’n bilgisi keliwi menen tusindiriledi. Saylawshi’larg’a, ma’selen qanday siyasiy g’ayratkerdin’ alda barati’rg’ani’, qaysi’si’ni’n’ siyasiy turmi’sta izde qalg’ani’n biliw a’h’miyetli boladi’. Amanat qoyi’wshi’larg’a qaysi’ bankler isenimli yekenin, qaysi’lari’ krizislik h’alatti’ bastan keshirip ati’rg’anli’g’i’n biliw a’h’miyetli. Muzi’ka

i’shqi’pazlari’ qanday muzi’kali’q topar xali’q arasi’nda yen’ ulken qi’zi’g’i’wshi’li’q payda yetetug’i’ni’n biliwge umti’ladi’. Bunday sebeplerdi ja’nede dawam yettiriw mu’mkin.

**Esse.** «Esse» so’zi frantsuz tilinen («essai») awdarg’anda «ta’jiriybe», «shi’g’arma», «umti’li’p ko’riw», «si’naq», «da’slepki kelgen woylardi’ qag’azg’a tusiriw» degen ma’nislerdi an’latadi’. Waqi’yali’qti’ rawajlandi’ri’w h’a’m sa’wlelendiriw bari’si’nda analitikali’q h’a’m ko’rkem publitsistikali’q elementlerge, belgilerge h’a’m qa’siyetlerge bay bolg’an Esse İnternet sistemasi’na yen’ kesh kirip kelgen janr si’pati’nda ko’rsetiwge boladi’.

Biraq solay bolsada, ko’pshilik basi’li’mlar saytlari’nda woni’n’ yele siyrek ushi’rasatug’i’ni’n ayti’w kerek. Essenin’ İnternet sistemasi’nda tikleniwi, gazeta veb-saytlari’nda jan’asha mazmun, ayri’qshali’q, janrli’q wo’zgesheliklerdin’ payda boli’wi’na tiykar jaratti’. Bul jag’day jurnalistikani’n’ ayi’ri’m izertlewshileri ta’repinen atap ko’rsetildi. Atap aytqanda, rus ali’mi’ A.A. Terti’chni’ydin’ «Waqi’tli’ baspaso’z janrlari’» kitabi’nda,[1] sonday-aq, esse janri’ boyi’nsha arnawli’ izertlewler ali’p barg’an jas ilimpaz B.Palwanovti’n’ miynetlerinde[2] esse janri’ni’n’ wo’zine ta’n qa’siyetleri h’a’m janrli’q wo’zinsheligi ken’ izertlengen.

On-layn sistemasi’nda esse janri’ni’n’ o’zinsheligi operativ xabarlardi’, ko’plegen «qurg’aq» is bari’si’ndag’i’ materiallardi’ talantli’ jurnalist h’a’zirgi turmi’sti’n’ yen’ a’h’miyetli ta’repleri h’aqqi’nda teren’ woy-pikirleri, usi’ woy-pikirlerdi joqari’ sezimtalli’q penen bayan etiwi menen a’dette biyparwa woqi’wshi’ni’n’ di’qqati’n wo’zine tarti’wi’nda h’a’m woni’ essede ayti’lg’an pikirler u’stinde woylani’p ko’riwge umti’ldi’ra ali’wi’nda ko’rinedi.

**İnternette analitikali’q press–reliz.** Bazar qatnasi’qlari’ jedel rawajlani’p ati’rg’an h’a’zirgi da’wirde G’alaba xabar qurallari’ bunnan bari’nsha wo’zinin’ «u’lesin» ali’p qali’wg’a umti’li’wi’-gazeta h’a’m jurnallar betlerinde, tele h’a’m radio bag’darlamalarda reklamani’n’ bekkem wori’n iyelewine ali’p keldi. Wol

---

[1] Tert?chn?y A.A. Janr? periodicheskoy pechati. – M.: Aspekt Press. 2002.
[2] Palwanov B.N. Hozirgi Qoraqalpoq adabiatida esse janri (Janrning paydo bolishi va shakllanishi, mah’orat masalalari). Filol.f.n. ...diss. avtoref. –N.: QQDU. 2007. –22 b.

ko'pshilik basi'li'mlardi'n' materialli'q jag'dayi' jaqsi' boli'wi'ni'n' da'regine aylandi'. G'alaba xabar qurallari'nda reklama tek reklamali'q tekstler tu'rinde g'ana yemes, al jurnalistlik materiallarda da wo'z ko'rinisin bere basladi'.

Bul bolsa bir ta'repinen wo'zi h'aqqi'nda belsene bildirgen «press– relizi» nin' payda boli'wi'na ali'p keldi. Press reliz dep qandayda bir firmani'n' yamasa jeke adamni'n', ma'selen deputatli'qqa talabanni'n' i'layi'qli' ta'replerin sa'wlelendiretug'i'n xabar, ma'limlemelerdin' ji'ynag'i'na ayti'ladi'. A'dette, wolardan g'alaba xabar qurallari'na press relizleri kelip tu'sedi. Radaktsiyag'a berilgen yamasa kelip tu'sken press-relizdi redaktsiya wo'z veb-saytlari'nda minnetli tu'rde ja'riyalaydi' degendi an'latpaydi'. Ba'lkim press reliz informatsiyani'n' da'reklerinin' biri g'ana boli'wi', wol redaktsiya ta'repinen isbilermenler du'nyasi'nda yamasa saylaw mapazi'nda bag'dar ali'w ushi'n paydalani'li'wi' mu'mkin.

Sonday-aq wonnan materialdi'n' bir bo'legi ali'p taslani'p, qi'sqa xabar, xronika, informatsiyali'q korrespondentsiya tu'rinde ja'riyalani'wi' mu'mkin.

Solay yetip, press reliz qandayda bir belgili jurnalistlik janrg'a aylandi'ri'li'p, qayta isleniwi mumkin. Biraq jurnalist wo'z aldi'na press-relizinin' reklamali'q mazmuni'n saqlaw wazi'ypasi'n qoyi'wi' h'a'm woni' za'ru'rli jan'a mag'li'wmatlar menen toli'qti'ri'wi', zi'yat jerlerin ali'p taslaw menen, wo'zine ta'n belgilerge iye bolg'an material tayarlawi' da mumkin. Bul material wo'z xarakteri boyi'nsha analitikali'q boli'wi' itimal.

Analitikali'q h'a'm reklamali'q negizlerdi birlestiriw analitikali'q press relizdin' tiykari'nda ju'zege keledi. Uli'wma aytqanda, press-reliz internet sistemasi'nda yen' jetekshi janrlardi'n' biri boli'p esaplanadi'.

Juwmaqlap aytqanda İnternet sistemasi'nda jurnalistika janrlari' jan'a tiptegi onlayng'a g'alaba xabar qurallari'na jedel qa'liplesip ati'rg'anli'g'i'n ko'riwimiz mu'mkin. A'lbette bul janrlar İnternet jurnalistikasi'nda da wo'zine ta'n qa'siyetleri h'a'm wo'zgesheligi menen aji'rali'p turadi'.

Solay yetip, internet-jan'ali'qlardi' operativ ja'riyalaw h'a'm elektron pochta arqali' intervyu ali'w ushi'n ken' imkaniyatlar ashi'p beredi.

# JUWMAQ

XXI a'sir «İnformatsiya a'siri» «İnformatsiyali'q texnologiyalar a'siri» dep ataldi'. Buni'n' sebebi, bizge belgili bolg'ani'nday-aq, zamanago'y texnologiyalardi'n' rawajlani'wi' menen informatsiyalar ag'i'mi' tezlesti, informatsiyalar sani', ko'lemi, mazmuni' jag'i'nan buri'n ko'rilmegen da'rejede wo'sti. İzertlewlerge qarag'anda XXI a'sirde jumi's waqti'ni'n' yari'mi'nan ko'bi informatsiyalardi' saqlaw, qayta islew h'a'm tarqati'wg'a sari'planadi'. Son'g'i' 50 ji'l dawami'nda du'nyada informatsiyalardi' tarqati'w tezligi 300.000 ma'rte asti', bah'asi' bolsa 1000 ma'rtege arzanladi'. Bul protsess yele de tezlik penen dawam yetpekte[1].

İnternet waqi't wo'tken sayi'n turmi'si'mi'zg'a ken'irek kirip kelmekte. Woni'n' tek te ma'limleme worayi' emes, al bilimlendiriw, sotsialli'q turmi's ma'selelerin sheshiw, g'alaba xabar qurallari' wazi'ypalari'n atqari'w isleri de h'a'wijge minip ati'r.

«Yelimizdi modernizatsiyalaw h'a'm kushli puqarali'q ja'miyet quri'w – yen' a'h'miyetli maqsetimiz» atamasi'ndag'i' Prezident İslam Ka'rimovti'n' O'zbekstan Respublikasi' Oliy Majlisi Ni'zamshi'li'q palatasi' h'a'm Senati'ni'n' qospa ma'jilisindegi bayanati'nda, bul protsesslerge ayri'qsha toqtap wo'tip, mi'naday pikir bildirgen edi: *«Bu'gin turmi'sti'n' wo'zi aldi'mi'zg'a puqarali'q ja'miyeti institutlari' sistemasi'nda g'alaba xabar qurallari'ni'n' worni' h'a'm rolin tag'i' da bekkemlew wazi'ypasi'n qatan' tu'rde qoymaqta. G'alaba xabar qurallari'n bunnan bi'lay da yerkinlestiriw, ma'mleketlik yemes baspaso'z basi'li'mlari', radio, televidenienin' jumi'slari'n janlandi'ri'w, wolardi'n' İnternet global tarmag'i'na kiriw imkaniyatlari'n ken'eytiw ali'p bari'li'p ati'rg'an*

---

[1] Jumamuratova M., Woraz?mbetova Z. Ash?q xabar sistemalar?nda informatsiyal?q – psixologiya qa'wipsizligi. Tashkent., 2009. 34 b.

*reformalar siyasati'ni'n' ashi'q-aydi'nli'g'i'n h'a'm ja'riyali'li'g'i'n ta'miyinlewge, ku'shli puqarali'q ja'miyettin' izbe-iz qa'liplesiwine ma'det beriwi da'rkar.*

*Milliy baspa so'zimizdin' sapasi'n, sheberligin h'a'm ta'sirshen'ligin artti'ri'w, woni' rawajlang'an ma'mleketlerdin' g'alaba xabar qurallari' yerisken joqari' talaplar h'a'm wo'lshemler da'rejesine ko'teriw ushi'n imkan beretug'i'n sharayatlardi' jarati'w maqsetinde g'alaba xabar qurallari' salasi'ndag'i' ni'zamshi'li'qti' bunnan bi'lay da jetilistiriwdi ta'miyinlew za'ru'r».*

Shi'ni'nda da, h'a'zirgi waqi'tta du'nya ju'zinde, soni'n' ishinde bizin' elimizde de İnternet h'a'm İnternet informatsiyalari' ushi'n imkaniyatlar yesgigi ken' ashi'lg'an. Ma'mleketlik yemes baspa g'alaba xabar qurallari'n qollap-quwatlaw qori' ta'repinen İnternet jurnalistikasi'n turmi'sqa yengiziw boyi'nsha qatar ilajlar islenip, qarji'lar bo'linbekte.

Na'tiyjede yelimiz g'alaba xabar qurallari'n modernizatsiyalaw isleri jaqsi' jolg'a qoyli'li'p ati'r. Mine, buni'n' da'lili si'pati'nda «Erkin Qaraqalpaqstan», «Vesti Karakalpakstana», «Jetkinshek» gazetalari'ni'n' İnternette saytlari' jarati'ldi'. Biraq, biz analiz yetkenimizde bul saytlardi'n' derlik ko'pshiligi wo'z waqti'nda jan'alani'p turi'lmag'an. Buni' materallardi'n' asti'nda beriletug'i'n forumlarg'i' kommentariylerden de ko'riwge boladi'. Bul wol jerlerde tiyisli qa'nigelerdin' joqli'g'i'nan derek beredi.

Ha'zirgi waqi'tta internetti 7 jasar baladan 70 jasar qariyag'a shekem paydalanadi' desek qa'telespeymiz. Bul arqali' internettin' ja'miyetlik – siyasiy a'h'miyetinin' arti'p barati'rg'anli'g'i'n ko'riw mu'mkin. A'lbette, wol informatsiya ali'wdi'n' yen' a'h'miyetli h'a'm operetiv deregi boli'p xi'zmet yetpekte. Biraq, wonnan paydalani'w h'a'mme ushi'n birdey juwapkershilik talap yetedi. Woni'n' rolinin' arti'wi', xi'zmet tu'rlerinin' ken'eyiwi yaki bolmasa

kersinshe ja’miyet ushi’n jawi’z, qa’wipli quralg’a aylani’wi’ bul insanlardi’n’ wo’z qoli’nda. İnternetten duri’s h’a’m wori’nli’ paydalani’w, woni’n’ insani’yat iygiligi ushi’n xi’zmet qi’li’wi’na tiykar jarati’wi’ so’zsiz.

Biz, pitkeriw qa’nigelik jumi’si’zda baspaso’zde internet materiallari’ni’n’ tematikali’q wo’zgesheligi ma’selesine toqtali’p wo’ttik. Gazetalarda internet materiallari’ h’a’r qi’yli’ janrlarda, h’a’r qi’yli’ tematikada, h’a’r qi’yli’ mazmunda h’a’m h’a’r qi’yli’ formada qollani’li’wi’ baspaso’z mi’sallari’ tiykari’nda u’yrenildi. A’lbette, internet – bay informatsiyalar ma’kani’. Wonda unamli’ h’a’m unamsi’z mag’li’wmatlar da bar. Biraq baspaso’zde bolsa wondag’i’ materiallar gazetani’n’ mazmuni’n bayi’ti’w, woqi’wshi’lardi’n’ qi’zi’g’i’wshi’li’g’i’n artti’ri’w ushi’n paydalani’ladi’. Wolardi’ tematikasi’ boyi’nsha analiz yetip u’yreniw jumi’si’mi’zdi’n’ tiykarg’i’ maqseti yedi. Buni’n’ ushi’n jumi’si’mi’zdi’ tiykarg’i’ u’sh bapqa aji’ratti’q.

Birinshi bapta: «Jurnalistikada internettin’ tutqan worni’ h’a’m a’h’miyeti» h’aqqi’nda, ekinshi bapta: «Baspaso’zdegi internet materiallari’ni’n’ tematikali’q wo’zgeshelikleri», u’shinshi bapta: «Baspaso’zdegi internet materiallari’ni’n’ janrli’q wo’zgeshelikleri» jo’ninde pikir ju’rittik. Baspaso’zden ali’ng’an mi’sallar menen pikirimizdi analiz yettik.

Pitkeriw qa’nigelik jumi’si’mi’zdi’n’ uli’wma ko’lemi betten ibarat boldi’.

Ha’zirgi waqi’tta internet jurnalistikasi’ da jedellik penen rawajlani’p barmaqta. Al, woni’n’ basqa g’alaba xabar qurallari’ menen baylani’si’, wolardan wo’zgesheligi h’a’m abzalli’qlari’ yelede ilimiy izertleniwdi talap yetedi.

# PAYDALANI’LG’AN A’DEBİYATLAR DİZİMİ


1. Karimov İ.A. Joqari’ ma’na’wiyat – jen’ilmes ku’sh. – T.: Manaviyat. 2002. – B. 111.
2. Voroshilov V.V. Jurnalistika. SPB. İzdatelstvo Mixailova, 1999.
3. Bogomolova N.N. Sotsialnaya psixologiya pechati, radio, televideniya i interneta. M.: MGU, 1991.
4. Begmatov B. İnternet: rivojlanish bosqishlari va zamonaviy tasirlar. İnternet maqola.
5. Bakulev G. Budushee internet televidenie. Moskva, 2003.
6. Jumamuratova M., Worazi’mbetova Z.Q. Ashi’q xabar sistemalari’nda informatsiyali’q – psixologiya qa’wipsizligi. T., 2009.
7. İnternet-jurnalistika (İnternet radio h’a’m televidenie). İlimiy maqalalar toplami’. Tashkent, 2005.
8. İnternet dlya jurnalista. Moskva, Media-Soyuz, 2001.
9. Kalmi’kov A.A., Koxonova L.A. İnternet-jurnalistika. Moskva, Yuniti, 2005.
10. Kasteli’ M. Galaktika İnternet. Ekaterinburg. U-Faktoriya, 2004.
11. Kroychik L.E. Sistema jurnalistskix janrov / Osnovi’ tvorcheskoy deyatelnosti jurnalista: Uchebnik. — SPb., 2000. — S. 4,125,139.
12. Kixtan V.V. İnformatsionni’e texnologii v jurnalistike. – Rostov n/D: Feniks. 2004.
13. Krupnov A.İ. İnternet-spravochnaya kniga rukovoditelya. Moskva, Fiord. İzvestiya, 1998.
14. Mwminov F.A. Jurnalistika ijtimoiy – institut sifatida. Tashkent, TashDU, 1998.
15. Naumov V.B. Pravo i İnternet: ocherki teorii i praktiki. Moskva, Universitet-Knijni’y dom. 2002.
16. Rashidova D.K. İnformatsionni’e texnologii i interaktivnoe İnternet Jurnalistika. Tashkent. TashGU. 2003.

17. Rashidova D.K. İnternet v Uzbekistane: vozmojnosti i problemi'. Tashkent, Zarkalam. 2003.

18. Rashidova D. Muratova N. İnternet jurnalistika.-T.: 2007.

19. Twrtinchi h'okimiyat: Wzbekiston Respublikasining qonunlari, qarorlari va boshqa h'ujjatlari tuplami. – T.: Meh'nat. 2003. – B. 7.

20. Lagutko A. İnteraktivnoe obemnoe televidenie. Moskva, 2005.

21. Skott E. Kompyuterni'e texnologii v jurnalistika. – M.: Nauka. 1999.

22. Spori'shev R. İnteraktivnoe televidenie. Moskva, 2001.

23. Xudayqulov M. Ommaviy axborot vositalari nazariyasi.-T.: Universitet. 1999.

24. Ernazarov Q. Va boshq. Reportërlik faoliyatining nazariyasi va amaliëti.-T.: Wz.MU 2002;

**İnternet saytlar:**

(www.washingtonpost.com)

(http://www/sgzt/com)

(http://ng/ru/)

(www.rian.ru)

(www.reuter.com)

(www.yaqoo.com)

(www.bbc.co.uk)

(www.voa.com)

(www.cnn.com)

(www.bbc.co.uk )

(www.1tv.ru)

(www.inosmi.ru)

(www.cac.org)

( http://www.internetworldstats.com)

(http://www.mtrk.uz)